ФУДÆНХÆГИНÆН УАЙДЗÆФТÆ КÆНУН ÆЙ БЕРÆГЪÆН ÆМБЕСÆНДТÆ ХÆССУНИ ХУЗÆН!..



*Саади ШИРАЗИ (1210-1292), персайнаг поэт: «Еске ка нæ бафхуардта, е æфхуæрунæй нæ тæрсуй. Къæдздун алкæмæй дæр тæрсгæ кæнуй, уомæн æма æхуæдæг фудгæнæг æй. Тикис хæдзари цæруй, адæми 'хсæн, некæмæй тæрсуй, берæгъ ба фуртарстæй будурти æма гъæдти зелуй, уомæн æма æхуæдæг тогцъух æй...»*




Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№42 (1011) 2025 анзи 1 ноябрь – геуæргобай мæйæ

Аргъ 1 туман


ЦÆГАТ ИРИСТОНИ АРÆЗТ ÆРЦУДÆЙ НÆ ÆДЗАРД БÆГЪАТÆРТИ НОМЕРÆН МАДЗÆЛТТÆ





# ÆНОСТÆМÆ НИН УОДЗÆНÆНЦÆ ИМИСУЙНАГ...

**Нæ адæмæн ци берæ æверхъаудзийнæдтæ æвзаргæ рауадæй, æма си абони дæр ма зæрдрист кæмæй ан, уонæн сæ уæззаудæртæй иссæнцæ 1992 анзи октябри кæронбæттæни цаутæ. Уæд нæ дзилли бабæй багъудæй нæ фидтæлтиккон зæнхи сæрбæлтау бахъазауат кæнун, нæ адæми сæрæндæртæ си сæ цард иснивонд кодтонцæ... Æма уæдæй абони уæнгæ алли анз дæр 30 октябри хъонцгæнгæй имисæн нæ еци бæгъатæрти рохс нæмттæ. Уотæ аци анз дæр. Номерæн мадзæлттæ 30 октябри райдæдтонцæ сæумæй дæс сахаттебæл Горæтгæрон райони Камбилеевки гъæуæй. Еумæйаг æнсувæрон ингæнбæл дедегутæ исæвардтонцæ нæ республики Хецауадæ æма Парламенти иуонгтæ, æхсæнадæ æма ведомствити минæвæрттæ, райони цæргутæ. Уой фæсте ба номерæн мадзал рацудæй Дзæуæгигъæуи Намуси Аллейи. Мæтъæл музыки зæлтæмæ айдагъ адæм нæ, фал мæргътæ дæр нийгъустонцæ.**

**Номерæн мадзали архайдтонцæ нæ æдзард бæгъатæрти хеуæнттæ, нæ республики Сæргълæууæг Сергей Меняйло æма Парламенти Сæрдар Тускъати Таймораз, хецаудзийнади къабæзти разамонгутæ, депутаттæ, æхсæнадон организацити минæвæрттæ, ахургæнæндæнтти минæвæрттæ...**

**Адæмæй æзмæлæн нæ адтæй бæгъатæрти уæлмæрдти. Ингæнтæ сурх радардтонцæ дедегутæй. Æнæдзоргæй еугурæй дæр цудæнцæ æдзард тугъдонтæн кадæ кæнунмæ, Иристони сæребарæ æма сабурдзийнадæ ка 'рхаста, еци бæгъатæртæн рохсаг зæгъунмæ. Сæ фæсте ке ниууагътонцæ, еци фæлтæрти ихæс æй уони зæрдæбæлдарæн.**

НÆ ФИДИБÆСТИ КАДÆ-НАМУСИ ЦАУТÆ ÆМА ХАБÆРТТÆ




# АБОНИ ДÆР МА СÆРУСТУР АН НÆ ФÆСКОМЦÆДЕСÆЙ!..

***Хуæрзæрæги, 29 октябри авд æма фондзинсæй анзи исæнхæст æй Ленинон фæскомцæдеси исарæзтбæл.***

Æма еци цауи фæдбæл абони мухур кæнæн цалдæр æрмæги (2-аг æма 6-7-аг фæрстæбæл) Ка 'й зонуй, кадæртæ уотæ дæр зæгъдзæнæнцæ, гъома, фæсбæрæггбон ба ма цæмæн гъæуй сæ кой. Е раст гъуди нæй, уомæн æма фæсевæди гъомбæлади фарстатæ еубониккон нæ 'нцæ.

Æма аци æрмæгутæ дæр уомæ гæсгæ мухур кæнæн, цæмæй нуриккон ирæзгæ фæлтæртæ зононцæ, сæ фидтæлтæ, æригæнттæ уогæй, цæйбæрцæбæл æновуд адтæнцæ нæ Фидибæстæбæл, цæйбæрцæбæл бæрзонд цæстиварди сæмæ адтæй æма куд хъæзауатонæй архайдтонцæ æ кадæ æма æ намуси бæрзонддзийнадæбæл. Зононцæ æма сæ фæнзонцæ уоди кæдзосдзийнадæй, сæ царди федауцæ нисантæй.

Етæ нæ исонибон æнцæ, æма нин гъæуама абони нæ сагъæсти сагъæссагдæр уа, циуавæр зундирахастбæл хуæст æнцæ, циуавæр æнцæ сæ нисантæ æма бæлдитæ.

Еума хатт ма 'й зæгъæн, нæ абониккон кизгуттæ æма лæхъуæнтæй сæ фулдæри-фулдæр æвдесунцæ сæрæндзийнадæ, се 'скъуæлхтдзийнæдтæй цитгин кæнунцæ нæ Иристон. Уомæн берæ ирд æвдесæнтæ ес, уони кой дæр фæккæнæн æма идарддæр кæндзинан нæ газети фæрстæбæл.

БÆРÆГБОН



## «ÆМЗÆРДÆ-ÆМВÆНДÆЙ АРХАЙÆН НÆ ФИДИБÆСТИ ФЕДАРДЗИЙНАДИ СÆРБÆЛТАУ!..»

Уæрæсей 4 ноябри бæрæггонд цæудзæнæй нæ паддзахадон бæрæгбæнттæн сæ ахсгиагдæртæй еу – адæмон еудзийнади Бон. Уой фæдбæл Цæгат Иристони дзиллæ арфæ кæнунцæ нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æма Парламенти Сæрдар **Тускъати Таймораз**.

– Недзаманти нæ фидтæлтæ тухгæнæг знæгтæ ци федар нихкъуæрд райстонцæ, е адтæй Уæрæсей паддзахади еугур адæми еудзийнадæ, сæ райгурæн зæнхæбæл æновуддзийнадæ, уарзт сæмæ ци æгæрон разæнгарддзийнадæ æвзурун кодта, уони фæрци. Е адтæй адæми æнæбасæтгæ нифс! Е еудадзугдæр цардгъон адтæй нæ фидтæлти зæрдити, æхсистæй сæдæгай æнзти æма некæд хецæн кодта махæй.

Уæрæсей Президенти унаффæй 2025 анз Фидибæстæ гъæуайгæнгути анзбæл нимад ке 'рцудæй, е нæ аци бæрæгбон кæнуй уæлдай ахсгиагдæр æма намусгиндæр. Уомæн æма Райгурæн бæстæ гъæуай кæнуни цæттæдзийнадæ æнцойнæ кæнуй адæми еудзийнадæбæл, е нин фадуат дæттуй паддзахади федардзийнадæ æма æ хебарæдзийнади сæрбæлтау уодуæлдайæй архайунæн...»

Тускъати Таймораз дæр æ арфи финстæги баханхæ кодта адæмон еудзийнади Бони бæрзонд ахедундзийнадæ:

– Берæнацион Уæрæсе æй, гъæздуг истори, арф уодварнон æма культурон æгъдæуттæ кæмæн ес, бæсти евгъуд, абони æма исонибон æнгом баст кæми 'нцæ, уæхæн устур паддзахадæ. Нæ рагисторий хабæрттæмæ ракæсгæй, бæлвурдæй балæдæрæн ес уой, æма тæккæ карздæр, зиндæр æма лæгæвзарæндæр рæстæгути дæр нæ бæсти адæми граждайнаг еудзийнадæ æма Фидибæсти ирисхъæбæл бæрнондзийнадæ алкæддæр агъазгæнæг адтæнцæ Уæрæсей сæребарæдзийнадæ æма хуæдбарæдзийнадæ багъæуай кæнуни гъуддаги.

Цæгат Иристони берæ æности дæргъи цæрунцæ сæдæ адæмихаттемæй фулдæр. Республики цæргути культури, уодварнон хæзнатæ æма национ æгъдæутти фæрци гъомусгин æй æ адæми еудзийнадæ. Æма еци æууæл фæрнгундæр исонибони бундор ке уодзæнæй, е дузæрдуггаг нæй!..»

***ЦЪЕБОЙТИ Барис, киристонгъæуккаг лæхъуæн, Уæрæсейаг фæскомцæдеси делегат, уотæ имиста: «Ленин нæ хæццæ ку фембалдæй, уæд имæ æз дæр барвистон мæ финстæг: «Махмæ, Киристонгъæуи скъола никкалдæй». Е æй бакастæй, залбæл е 'нгæс радардта, уæдта минкъий байдзулгæй, загъта: «Никкалдæй? Бацалцæг æй кæнетæ»... Е адтæй 1920 анзи 2 октябри.***



Владимир ЛЕНИН дзубанди кæнуй фæскомцæдеси III съезди делегатти къуари хæццæ. Петр БЕЛОУСОВИ конд хузæ.

# ХЕСТÆРТИ НАМУСИ АККАГ АДТÆНЦÆ КÆСТÆРТÆ

**ЛОЛАТИ Батраз,**
Цæголти Геуæргий номбæл музейи директор

Сæ фиццæгти æмрæнгъæ æрлæудтæнцæ фæсевæд дæр. Хестæртæ сæбæл ке æууæндтæнцæ æма нæуæг цардиуаги исонибон дæр кæстæрти карни хæццæ ке бастонцæ, уобæл дзорæг æй е дæр, æма син устур бартæ ке лæвардтонцæ – еци хъазауат рæстæги хумæтæги нæ райгурдæй Фæсевæди Коммунистон Цæдес дæр.

Еци Цæдеси къуæрттæ аразун байдæдтонцæ Цæгат Иристони дæр. Зæгъæн, фиццæгти хæццæ еци кустмæ бавналдтонцæ Киристонгъæуи фæсевæд. Æма син æнтæстæй берæ арфиаг гъуддæгутæ аразун. Уой фæдбæл æй мæ абони дзубанди æма уин райдайæни радзоруйнаг дæн еу цауи туххæй – хестæр фæлтæртæй æй беретæ фегъустайуонцæ, абони кæстæртæ ба 'й, æвæдзи, нæ зонунцæ.

Цæветтонгæ, 1920 анзи Киристонгъæуи фæскомцæдесонтæ финддæсемæй архайдтонцæ Терки облæсти конференций. Сæ кусти туххæй си доклад искодта Цъебойти Барис. Уæд е æвзурст æрцудæй Фæсевæди Еугуруæрæсеуон Коммунистон Цæдеси III съездмæ делегатæй, кæци Мæскуй цудæй 2-10 октябри æма си архайдтонцæ 602 делегати. Уордигæй ку исæздахтæй, уæд ахид æмбалдæй фæскомцæдесонти хæццæ, æма син дзурдта, уæхæн бæрзонд æмвæзадæбæл мадзали ци фегъуста, уони. Уæлдай устур æргом æздахта, В.И. Ленин æ доклади цæбæл дзурдта æма циуавæр ихæстæ æвардта фæсевæди размæ, уомæ. Æримисидæ, иннæ делегатти хузæн е дæр Ленинмæ куд барвиста æ цубур финстæг: «Киристонгъæуи нæмæ скъола ниххæлæттаг æй...» Фæтæг ин æ финстæг ку бакастæй, уæд еу усмæ цидæр сагъæсти ранигъулдæй, уæдта еци ходæзмолæй залмæ ракастæй æма гъæддухæй загъта:

– Ниххæлæттаг æй?.. Баræвдзæ 'й кæнетæ!..

Аци хабар фегъосгæй, нури дзиллæй, ка 'й зонуй, ескетæ уотæ зæгъдзæнæнцæ, гæрр, Киристонгъæуи уæди фæсевæд уоййасæбæл гъоммæлгъæ адтæнцæ, æма се скъолай хæлæттаг уавæр гъæуама Ленинмæ нихъхъæртун кодтайуонцæ, æма сæ е ба æ дзуаппæй уотæ фæййаллайаг кодта... Уотæ ка рагъуди кæна, е, мæнмæ гæсгæ, раст нæ уодзæнæй. Киристонгъæуккаг лæхъуæни гъаст цæмæй раст балæдæрæн, уой туххæй бæлвурдæй зонун гъæуй уæди уавæртæ. Киристонгъæу граждайнаг тугъди рæстæги уорсгвардион æрдонгтæ бундзагъд никкодтонцæ æма æ цæргутæн сæ февналæнтæ бустæги искадавар æнцæ, сæ цæрæнбунæттæ бараæвдзитæ кæнун сæ бон ку нæ адтæй, уæд дин скъолайæн ба ци кодтайуонцæ...

Уогæ еци гъуддагæй дæр сæхе еуварс нæ раластонцæ – аци гъæуи дзиллæ алкæддæр æхцул адтæнцæ ахурбæл, сæ бон адтæй нæ адтæй, уæддæр иссериуонцæ фадуат сæ кæстæртæн зонундзийнæдти бæрзæндтæмæ над исаразунæн.

Уомæ гæсгæ граждайнаг тугъди хуæдфæсте сæ гъæуи скъолатæ фæстæмæ сæ къæхтæбæл ислæуун кæнунбæл еузæрдиуонæй байархайдтонцæ, адæмон ахургæнгути устур къуар си æновудæй кустонцæ, уотемæй. Еци гъуддаги дæр сæхе хъазауатонæй бавдистонцæ. Уогæ айдагъ уомæй нæ фескъуæлхиуонцæ.

Киристонгъæуи фиццаг фæскомцæдесонтæ иссæнцæ æдтохæнгарз партизанти æма сурхгвардионти рæнгъити бæгъатæрæй ка тухтæй уорсгвардионти нихмæ, етæ. Зундгонд революцион æма æхсæнадон архайæг Тогойти Данел æ имисуйнæгти уотæ финста: «Айдагъ кустгъон фæсевæд нæ, фал ма бустæги æригæнттæ дæр разæнгардæй архайдтонцæ партизанти змæлди». Зæгъун гъæуй уой дæр, æма 1920 анзи мартъий мæйи Киристонгъæуи партизанти хæйттæй еу æрвист æрцудæй Дзæуæгигъæу знагæй исуæгъдæ кæнунмæ.

Сæ размæ æвæрд ихæс æнтæстгинæй исæнхæст кæнуни фæсте киристонгъæуккаг партизантæ æрæздахтæнцæ сæхемæ. Раст зæгъгæй, сæ раздзæугутæй еу, Елбати Антон байзадæй Дзæуæгигъæуи, æ ахур астæуккаг-техникон училищей раизолдæр кæнунмæ. Фал е дæр еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте курдиадæ балæвардта Терки облæсти фæскомцæдесон организаций разамонæг Хетæгкати Петри номбæл, цæмæй æй рарветонцæ Киристонгъæумæ Фæсевæди Коммунистон Цæдеси хайадæ исаразунмæ. Æ курдиадæн ин аразий дзуапп равардта, æма 22 апърели 1920 анзи райста мандат.

Партий райони комитет гъæугæбæл банимадта Елбати Антони хъæппæрес æма ма Елехъоти Геуæргийæн бафæдзахста, цæмæй е дæр еци кусти архайа.

Разæнгарддæр фæсевæди хæццæ радзубанди кæнгæй, арæзт æрцудæй хъæппæресгин къуар. Етæ хъазауатонæй архайдтонцæ, цæмæй Киристонгъæуи дæр Фæсевæди Коммунистон Цæдес фæззинна. Фиццаг организацион æмбурд нисангонд æрцудæй 1920 анзи 14 маймæ.

...Киристонгъæуи æригæнттæ разæнгардæй сæхе бавдистонцæ. Фиццаг æмбурди фæсте фæскомцæдесон Цæдеси бюромæ кизгуттæ æма лæхъуæнтæ къуæрттæ-къуæрттæй цудæнцæ сæ курдиæдти хæццæ, цæмæй сæ фæскомцæдесонти рæнгъитæмæ райстайуонцæ. Се 'хсæн адтæнцæ зæнхкосгутæ, ахурдзаутæ, æригон сурх партизантæ. Гъæубæл уайтæккæ райгъустæй фæскомцæдеси къуар исаразуни хабар. Дуккаг æмбурд ба арæзт æрцудæй 16 майи. Еци æмбурди фæскомцæдесонти рæнгъитæмæ ист æрцудæй дæс æма дуинсæй адæймаги. Иннæ радон æмбурди дæр бабæй фæскомцæдесонти рæнгъитæмæ райстонцæ æригон киристонгъæуккæгти устур къуар.

Фæскомцæдесон еугонди разамунд куд се 'мцæдесонтæ, уотæ æнæцæдесон фæсевæдмæ дæр ахид фæдздзоридæ, цæмæй сабат æма хуцаубони лæвар бакосонцæ, исцалцæг кæнонцæ базелуйнаг азгъунститæ, бафснайуонцæ фæзуæттæ. Æма æригæнттæ алкæддæр сæ фарсмæ æрбалæууиуонцæ æма хъазауатонæй байархайиуонцæ. Еци хъæппæреси туххæй гъæути цæргутæ си арфиаг адтæнцæ. Уомæй уæлдай ма фæскомцæдесонтæ хъазауатонæй архайдтонцæ адæми 'хсæн æнахургонддзийнадæ искунæг кæнунбæл. Ахургæнгути хæццæ æмархайд кодтонцæ фæскомцæдесонтæ сæхуæдтæ дæр.

1920 анзи майи мæйи Киристонгъæуи арæзт æрцудæй хехъæппæресадон аййевадон къуар. Разамунд ин лæвардта ахургæнæг Тæкъоти Ольгæ. Æнтæстгинæй сæ куст кодтонцæ музыкалон оркестр, ахурдзаути хор æма драмон къуар. Хехъæппæресадон къуар 1920-1921 æнзти ирон æма уруссаг драматургти уадзимистæмæ гæсгæ нивварддта дæс спектакли. Еуæй-еу хатт пьеситæ финстонцæ бунæттон авторта дæр, зæгъæн, сценæбæл æвæрд æрцудæй Æбати Шамили пьесæ «Æхсаргинтæ» дæр. Адæми зæрдæмæ хъæбæр цудæнцæ хехъæппæресадон аййевадон къуари архайд, устур аргъ син кодтонцæ. Фал син сæрмагонд азгъунст ке нæ адтæй, уомæ гæсгæ спектакльтæ æвдистонцæ кæми Киристонгъæуи уæллаг квартæли скъолай æмбурдтæгæнæн зали, кæми ба Гостити хæдзари рази, цубур рæстæгмæ арæзт сценæбæл.

...Киристонгъæуи фæскомцæдесонти организаци анзæйанзмæ ирæзтæй æма федардæр кодта. Кæд æма 1922 анзи æ рæнгъити адтæй æдеугур 150 фæскомцæдесони, уæд 1926 анзмæ ба сæ нимæдзæ исхъæрттæй 530 уæнгæ.

Мадта 1922 анзи ба гъæуи фæззиндтæй нæуæгдзаути организаци дæр. Æ рæнгъити адтæй 1200 нæуæгдзауи. Фæскомцæдесонтæ æма нæуæгдзаути нимæдзæ фулдæрæй-фулдæр ке кодта, уомæ гæсгæ гъæуи медæгæ фæззиндтæй æртæ кири – уæллаг, астæуккаг æма дæллаг. Фæскомцæдесонти æмбурдтæ си цудæнцæ хецæнæй аллирауæн дæр.

Фæскомцæдеси хъæппæресæй цидæриддæр арæзт цудæй, уонæми лæхъуæнти æмбæрцæ архайдтонцæ кизгуттæ дæр. Уæди рæстæги е кедæрти зæрдæмæ нæ цудæй, гъома, нæ федауй дигорон кизгæн лæгти хæццæ æмгустгæнæг ун, уæлдайдæр ба æхсæнадон гъуддæгути. Фал доги нæуæг фæззиндтитæ еци зундирахастæй тухгиндæр разиндтæнцæ, æма кизгуттæ фулдæрæй-фулдæр архайдтонцæ гъæубæсти еумæйаг гъуддæгути. Фæстæдæр си цалдæр æрвист æрцудæнцæ фæскомцæдесон кустити уæлдæр бунæттæмæ. Уони 'хсæн адтæнцæ: Залети Сатæг, Гарданти Надеждæ, Гостити Нинæ, Бичерахти Дарья, Акъоти Дуня, Тæхилти Лизæ, Гагулати Лизинка, Тæхилти Любæ, Калоти Дзиппа æма берæ æндæртæ.

Киристонгъæуи фæскомцæдесон кирти разамонгутæ алли рæстæг адтæнцæ: Туаллæгти Аса, Тотойти Виктор, Созайти Сергей, Гапботи Кудзиго, Елекъоти Кирилл, Мамати Дæган, Гагулати Петр, Николти Петр, Толасти Илья, Къорнати æнсувæртæ – Николай æма Сергей, Гульчети Афанасий, Сæбанти Барис æма Кермен.

Киристонгъæуи Устур Фидибæстон тугъди агъоммæ иссæй гъæууонхæдзарадон кусти мадзæлттæ æма гæнæнтæй хуарз ефтонггонд æма гъомусгин, культурон æгъдауæй размæцуд, интеллигенций нимæдзæ дæр дзæвгарæ кæми адтæй, уæхæн гъæубæстæ. Цанæбæрæг рæстæг ма 'й багъудайдæ, цæмæй социалистон цардарæзти алли къабази дæр е 'нтæстдзийнæдтæй уой бæрцæ исагъазиау адтайдæ, æма дести æфтудтайдæ, уæдмæ Устур Фидибæстон тугъд ку нæ райдæдтайдæ æма еугур хъауритæй архайун ку нæ багъудайдæ Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон æрбалæборæг æрдонгтæй багъæуай кæнунбæл. Æма уоми дæр киристонгъæуккæгтæ, сæ фулдæр æзиниккон фæскомцæдесонтæ, уотемæй хъæбæр фескъуæлхтæнцæ. Уобæл дзорæг æнцæ сæ тугъдон хъазауати туххæй син ци пaддзахадон хуæрзеугутæ исаккаг кодтонцæ, етæ. Мадта си æхсæземæн ба исаккаг кодтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри кадгин ном. Киристонгъæуккаг тугъдонтæй беретæ сæ æригон цард иснивонд кодтонцæ Райгурæн бæсти сæребари сæрбæлтау. Абони дæр син сæ райгурæн гъæубæсти цитгинæй имисунцæ сæ рохс нæмттæ, кадæ син кæнунцæ, уони лæгдзийнадæбæл гъомбæл кæнунцæ ирæзгæ фæлтæрти. Уогæ е æндæр, сæрмагонд дзубандий хабар æй...

**Цуппаринсæй анзей размæ, 1945 анзи ноябри арæзт æрцудæй кинохроники Цæгат-Кавказаг студи. Алæмæти ахедгæ адтæй æ архайд, фал нур ба, гъулæггагæн, æ уавæр исæдзæллаг æй...**

# ЗИЙНАДÆГÆНАГÆ ЦАРДИ ФАРНÆЙ ÆНÆ ХАЙ КÆНУЙ...



АБИСАЛТИ Юрийи конд хузæ.

***Мæнæ дæлдæр ци æрмæг мухур кæнæн, уой нæмæ нæ газеткæсгутæй еу æрбахаста æма ни хъæбæр ракурдта, цæмæй æй ниммухур кæнæн.***

***– Нури доги æведауцæ гъуддæгутæбæл уоййасæбæл нæбал дес кæнун, æвæдзи сæбæл райахур дæн, – хъæбæр сагъæсхузæй загъта е. Фал мæмæ дессаг ба е кæсуй, æма нæ адæмæй беретæ абониккон тухстаг уавæрти сæхе куд æбæрнонæй æма цийфæндийæй æвдесунцæ. Уæлдайдæр ба – гъæуи цæргутæ. Уæхæнттæ си ес, æма еудадзуг сæ царди уавæртæй гъаст кæнунцæ. Куст мин нæййес, зæгъгæ си, еци дзорæги ка дзоруй, уонæй дæр кадæртæ, мæнмæ гæсгæ, уоййасæбæл тулаваст нæ ’нцæ косунмæ. Бакæсайтæ син, æгирид неци, уæддæр сæ дзæхæратæмæ? Æнæгъудгонд, хъамили буни фæцæнцæ... Уотемæй ба халсартæ æма æндæр уæхæнттæ æлхæнунмæ уайунцæ базармæ, туканмæ, сауæнгæ ма сæ Дзæуæгигъæуæй дæр æрмедæг кæнунцæ... Гъа, сторвонс дарун алке равгæ нæй, фал маргъ ма дарæ дæ тургъи, дæ дзæхæрай татхатæ ма искæнæ, е ба куд æй?.. Нур уæхæнтти ци исхонæн ес?.. Æвæдзи, растдæр уодзæнæй уони сæйгитæ исхонун, сæ нез ба æй – магосадзийнадæ... Гъе уомæ гæсгæ хуарз уидæ, уæ газети Гаглойти Рутени финст таурæхъ «Магосатæ» ку фæззиннидæ, уæд – кæдимайди ба син зунди хуасæ фæууидæ, балæдæриуонцæ уой, æма зийнадæгæнагæ царди фарнæй æнæ хай ке кæнуй...***



**ГАГЛОЙТИ Рутен**
(1888-1937), финсæг, æхсæнадон архайæг

Æлдар æма фæрсаг лæг (уæгъдебарæ зæнхкосæг – *Ред.*) рараст æнцæ балций. Надбæл фæрсаг лæгæн æ бæх низзадæй. Æлдар е ’мбæлццонæн уотæ ку зæгъидæ:

– Байраг мæн æй, мæн бæх æй низзадæй...

– Хуцауæй куд нæ тæрсис?! Ескæд ма е ’рцудæй, æма дин урс ба ма байраг низзайа?!

– Байраг мæн æй, е ба дин зайа нæ зайа! – загъта æлдар.

Фæрсаг лæг исфæндæ кодта æ гъаст тæрхони лæгмæ бахæссун æма имæ æлдари хæццæ рараст æнцæ. Тæрхони лæг æ хæдзари нæ разиндтæй, фал сæмæ рацудæй æ кизгæ.

Фæрсаг лæг кизгæн ракодта æ гъаст, æ маст æма ’й фæрсуй:

– Мадта уæддæр кумæ рандæ адтайдæ дæ фидæ æма тагъд æрбаздæхдзæнæй?

– Мæ фидæ, – загъта кизгæ, – рандæ ’й уæлхонх будурмæ. Нæ мæнæутæмæ нин денгизæй кæфтæ багъомпал æнцæ æма сæ байсафтонцæ. Гъæуай кæнунмæ рандæй мæ фидæ нæ мæнæутæ...

Æ еци дзубандитæмæ æлдар ниддестæ ’й:

– Ескæддæр ма е ’рцудæй, æма кæфтæ денгизæй уæлхонх будурмæ цæуонцæ мæнæуæ хуæрунмæ?!

– Æлдар цæра, мæ дзурд дæмæ уотæ дессаг, уотæ æнæууилд дзурд ма фæккæсæд, – загъта ин кизгæ. – Кæд æма нæл бæхтæ байрæгтæ зайун байдæдтонцæ, уæд кæфтæн денгизæй уæлхонх будурмæ цæун цæйбæрцæбæл дессаг хонис?

Æлдар фефсæрми æй, равардта байраг фæрсаг лæгæн æма рараст æнцæ сæ надбæл.

Тæрхони лæг фæззиндтæй æ хæдзарæмæ, фæрсуй æ кизги:

– Еске мæ агурдта?

Кизгæ ин радзурдта æлдар æма фæрсаг лæги гъуддаг, тæрхони кой дæр ин ракодта.

– Дæ тæрхонмæ дауæ неке æрхæсдзæнæй: раст тæрхон æй. Фал æлдар æма фæрсаг лæги рази мæ фæкъкъæндзæстуг кодтай, бафхуардтай дæ фиди.

– Баба мин цæра, æма уæд куд æгъдауæй?

– Дæ фиди хумгæсæй хуæздæр ци исхудтайсæ, уой не ’рахæста дæ зунд. Нæ дин æй ниххатир кæндзæнæн адзали бонмæ дæр, уæдта дин ци гъæуа, уой кæнгæ дæр бакæндзæнæн.

Тæрхони лæг фæдздзурдта адæммæ æма тæрхонбæл æрбадтæй æ кизгæн.

– Мæ кизгæ æ фиди ке рафаудта, хумгæс æй ке искодта, уой туххæй ин кæнун мæнæ ауæхæн тæрхон: дуйнебæл лæгъуздæр ка разинна, уомæ киндзи куд æрцæуа, уотæ. Еу къуар лæги уи бæхтæбæл исбадæнтæ æма дуйнебæл лæгъуздæр ка разинна, уой мæмæ ардæмæ æрбахонетæ...

Сæ бæхтæбæл исбадтæнцæ еу къуаремæй. Цæунтæ байдæдтонцæ, цæунтæ, лæгъузи агорæг. Минкъий кæми фæуууидтайуонцæ æгудзæг, æнæсæрæн адæм нæ дуйнебæл, фал ци хузæн агурдтонцæ, уæхæнбæл нæма æмбæлунцæ. Уалинмæ еу рауæнмæ бацудæнцæ. Кæсунцæ, æма еу лæг фæткъуй бæласи буни хæлеугъæлæсæй уæлгоммæ хуссуй.

Бæласи къалеутæ бунмæ æртастæнцæ фурзадæй, рæгъæд фæткъутæ æгъзæлунцæ зæнхæмæ. Лæг еци хустæй хуссуй, кæсуй æнгъæлмæ, кæдимайди ба рæгъæд фæткъутæй ескæци æ цъухмæ æрхауидæ, хаттæй-хатт исдзоруй:

– Мæлун судæй!..

Бæхгинтæ æрæнцадæнцæ æ рази, кæсунцæ имæ æма дзорунцæ:

– Рæгъæд фæткъутæ дæ алливарс, дæ къох фезмæлун кæнæ, райедзæ си æма бафсадæ дæхе.

– Уæ хъал мæбæл ку нæ калиайтæ, мæгур лæг уæ хуми кæрæнтти дæр некæд рауадæй, æвæдзи, – загъта лæг, – æма мин еци зин уæ цæстæ цæмæн уарзуй – кæд æма еу фæткъу æрхауидæ мæ цъухмæ.

– Айæ, ке агорæн, уæхæн разиндтæй, куд имæ кæсæн, уотемæй, – загътонцæ бæхгинтæ, хуарз ибæл æрцудæнцæ се ’хситæй æма ’й ракодтонцæ сæ хæццæ.

Цæунцæ æма бахъæрттæнцæ цæугæдони билæмæ. Цæугæдон фæссагелæ ’й, æма сагели сакъадахбæл хуссуй лæг. Æ алливарс дон, уотемæй ба гъæр кæнуй:

– Æдонугæй мæлун!..

Десбæл дес киндæуй! Бæхгинтæ фæддес кодтонцæ. Хæстæг имæ бацудæнцæ, æма лæгмæ нези хабарæй æрдой бæрцæ дæр нæййес.

– Дæ хуæздæри ма фæууинай, ци лæг дæ! Дон дæ алливарс бæстæ ласуй, ду ба «дон, дон» кæнис! Уæлæмæ исистæ æма си баниуазæ.

– Æма мин ка истуй уæлæмæ, е ба ке бон æй... Ниууадзетæ мæ мæ мæгурбæл. Райсетæ уæхе...

– Айæ ба дин дуккаг лæгъуз, – загътонцæ бæхгинтæ.

Фестун æй кодтонцæ æхситæй æма бабæй уой дæр райстонцæ сæ хæццæ.

Рацудæнцæ цæугæдони разæй, бахъæрттæнцæ хумтæмæ. О, марауадзæ! Адæм еци архайд кæнунцæ, сæ мæнæутæ кæрдунбæл архайунцæ.

Уæд фæккастæнцæ æма хуми хуссуй еу лæг: курес æ нивæрзæн, курес æ къæхтæмæ, дууæ куреси æ фæрстæмæ. Зад хумгæндæ æнæкарстæй лæууй.

– Ци миуæ кæнис, лæгай, ци дæбæл æрцудæй, цæмæннæ кæрдис дæ мæнæуæ? – фæрсунцæ ’й бæхгинтæ.

Хумон сæмæ кæсуй, фал сæмæ нæ дзоруй зийнади фудæй.

– Дæу ку фæрсæн, къуру дæ Хуцау бакодта?

Хумон сæмæ кæсуй, фал сæмæ нæ дзоруй: зийнадæ кæнуй.

– Уотемæй дæ нæ ниууадздзинан, – загътонцæ бæхгинтæ, – мах дæ исдзорун кæндзинан...

Æма ибæл ралæудтæнцæ æхситæй...

Лæг фæссæррæтт кодта, мадта ци адтайдæ.

– Мæ бон нæй кæрдун, ай тæвди мин ка архайуй. Æнцад мæ ку ниууадзиайтæ мæ хуссæни.

Бæхгинтæ хумони дæр раластонцæ сæ фæдбæл æма æртей дæр бакодтонцæ тæрхони лæгмæ. Ци уагæй сæ базудтонцæ, уони ин радзурдтонцæ, уæдта ин загътонцæ:

– Анæй лæгъуздæр ка ’й, уой рартасун мах бон нæ бацæй... Тæрхони лæг ку дæ: æрбакодтан сæ дæхемæ, цæмæй син равзарай сæ лæгъуздæри дæхуæдæг.

Бæласи буни бабæй æруагъта æхе сæ еу хæлеугъæлæсæй, рæгъæд фæткъутæ æгъзæлунцæ, фал лæг гъæр кæнуй: «Судæй мæлун... Еу уи æрхауæд мæ цъухмæ...»

Иннæ цæугæдони билæбæл исхустæй æма гъæр кæнуй: «Мæлун æдонугæй!..»

Уæд сæмæ æртиккаг дзоруй: «Циуавæр дессаги адæм айтæ, зийнадæ куд нæ кæнетæ дзорунмæ?»

Тæрхони лæг гъуддаг равзурста æма тæрхон рахаста:

– Дзорунмæ зийнадæ ка кæнуй, е æй сæ лæгъуздæр. Мæ кизгæ æ хай фæууæд.

Магоса æма кизгæ цæрунтæ байдæдтонцæ. Мæнæугæрдæнти æхсирф райста æма хумæмæ рандæй. Цуппар куреси ракарста, хуссæн æрræвдзæ кодта æхецæн æма ибæл æхе рауагъта.

Уосæ сагъæси бацудæй: «Оххай, мæ лæг æ еци æбæрæгон гъуддаг ку нæ ниууадза, уæд исæфæн: нæ хумæ æнæкарстæй байзайдзæнæй æма уæд рамæлдзинан æнæ хуæруйнагæй...»

Уоййадæбæл алли хуарæнтæй æхе ниххурста æма рараст æй хумти. Сæ хумæмæ бахæстæг адтайдæ, уотемæй гъæр кæнуй:

– Магосати уодхæссæг фæццæуй! Æз дæн, магосати уодесæг!

Мæлæти лæги хузæн фæссæррæтт кодта магоса. Берæгъи лæбурдæй фæллæбурдта хумæмæ æма ’й ракарста, къапунатæ райамадта.

Изæрæй сæ хæдзарæмæ æрцудæй хæстуолæфтгæнгæй æма дзоруй:

– Уосай, мæ сæрæн дин нæбал дæн, бафæлладтæн, лæг куд бафæллайуй, уотæ, фал нæ хумæ дæр карст фæцæй.

– Æма уæд цæй тагъд?

– Абони хумтæбæл зилдæй магосати уодесæг. Куддæр ин æ гъæр райгъустон, мæ уод мин есдзæнæй, зæгъгæ, уотæ нардуатæй æрлæудтæн нæ хумæн æ еу кæронбæл æма иннæ кæронæй ракастæн. Минкъийтæбæл ма дин фæййервазтæн.

Уæдæй ардæмæ нæ Иристони æмбесондæн байзадæй: «Лæгъуз æ уодæн тæрсуй!..»

**Дессаги бæрæгбон бæрæггонд цæуй 1 ноябри – нæлгоймæгти Еугурдуйнеуон бон. Бæрæггонд ма цæуй бийнонти ахургонддзийнади Бон дæр.**

**БЕТРОЗТИ Майрæн, журналист, Ирæфи райони ветеранти Совети сæрдар: «Хидирти Ехйа æ райгурцæй адтæй хъæбæр фæлмæнзæрдæ, адæмуарзон, сæ цийнæбæл син цийнæ кодта, сæ хъонцбæл син зæрдристæй хъонц кодта. Царди гулфæнти лæгæвзарæнти дæр æ уодигъæдæ нæ раййивт еци кæдзосæй æй багъæуай кодта...»**



# «ЗÆРДÆЙ НИВВАРДТОН СИ МÆ УОД — АДÆМÆН ÆЙ КÆНУН НИВОНД...»

Зæрдесгæ хуæрзарæзт минкъий кизгæ æ зæлланг гъæлæсиуагæй еугурей дæр æхемæ æригъосун кодта:

*Нæ рагæнттæ цардбæл тохи,*
*Ку къæртт кодтонцæ фæндаг,*
*Зундау син уæд царди тонхи,*
*Сæ уодбæл хуæстæй не 'взаг.*

*Фæлтæртæй æй мингай æнзти*
*Искодтонцæ хуæрзгъæздуг,*
*Бакодтонцæ 'й мах бæрнæхсти*
*Сæ фæсмæрдæ еудадзуг.*

*Не 'дзамантæй ба мах уæнгæ*
*Ка 'рхъæртун кодта не 'взаг,*
*Еци фиддæлтæн се 'ууæнкæ*
*Куд фæссайон, мæ зæнхаг…*

Аци æмдзæвгæ Хидирти Ехйа, ме 'дзард зæрдтагон æрдхуард ке ниффинста, уой куд нæ зудтон. Æма мин æхцæуæн адтæй, аци сабийи цъухæй æй фегъосун. Уой хæццæ æрхун дæр куд нæ кодтайнæ, бæргæ, еци рæстæг Ехйа æхуæдæг дæр мæ фарсмæ бадт ку фæцайдæ, уæд куд бацийнæ кодтайдæ, е 'мдзæвгитæ алæмæттаг ке 'нцæ дзиллæн, уæлдайдæр ба кæстæртæн, уобæл. Æцæгæйдæр уотæ ке 'й, уомæн ба ирд æвдесæн æй е, æма абони не 'хсæн кæд нæбал æй, уæддæр не 'мдзогæнæг æнцæ æ рохс ном, æ финст литературон уадзимистæ. Уотæ рæсугъд загъди рæуагæн нæ зæгъæн – æ фæсмæрдæ алли анз дæр фæззæги æ номæрæнæн арæзт æрцæуй литературон конкурстæ, фæййархайунцæ си Ирæфи æма Дигори райони скъолати ахурдзаутæ, етæ фæййерис кæнунцæ Хидирти Ехйай æмдзæвгитæ кæсунæй.

Поэттæй, ефстæгутæй уæлдай, царди устур нивтæ некæмæ 'рхауй, сæ фулдæр рацæунцæ зин æма гургъахъ нæдтæбæл. Сæхуæдтæ, сæхе æнкъарагæ удтæбæл ци бавзарунцæ, адæми 'хсæнмæ дæр уой ке рахæссунцæ, адæми цард уæлдай хуæздæр равдесунгъон ке фæуунцæ, иннетæй дæр уомæй хецæн кæнунцæ. Кæддæр еу курухон лæг уотæ загъта: «Æмдзæвгитæ 'нцæ хуматæг дзурдтæ, финсæг ба сæ никкæнунцæ æнахур адæймæгутæ…»

Поэти нивгун исхонун уæд фембæлуй, æма æ фæсмæрдæ е 'сфæлдистадæ цардгъонæй ку байзайуй.

Æма Хидирти Батæрбеги фурт Ехйа, кæд æма æ карæмæ гæсгæ дæр æгæр раги бацудæй е 'носон дуйнемæ, уæддæр æй исхонун æнгъезуй амондгун финсæг, фал имæ ирисхъæ ба бустæги уарзæгой мади цæстæй некæд ракастæй.

Хидири-фурти фæсте ци исфæлдистадон бунтæ байзадæй, етæ 'нцæ берæкъабазгун. Аййев литератури жанртæй, драматургийæй уæлдай, кæбæл си нæ рахъæрттæй, æ хъауритæ си кæцими нæ равдиста æма си уæлахезæй кæцæй нæ рацудæй, уæхæнæй си неци байзадæй: поэзи, прозæ, критикæ, уайдунтæ, эпитафитæ, юмор æма сатирæ… Алцæбæл дæр рахъæрттæй æма си æхе сæрмагонд фæд ниуагъта.

Нуртæккæ нин Ехйай исфæлдистадон бунтæбæл лæмбунæг æрдзоруни равгæ нæййес, уомæн гъæуй сæрмагонд æртасæн куст бакæнун, фал Хидири-фурти исфæлдистадæ устур æма федар бунат ке ниййахæста адæми зæрдити. Уомæн ба, ку зæгъæн, ирд æвдесæн е дæр æй, æма нур фæндзæймаг анз фæд-фæди арæзт æрцæуй Лескени, фарæ ба Чиколай, Ехйай номбæл литературон æркаститæ.

Еци гъуддаги хъæппæрес равдиста Ехйай æнсувæри фурт Валерик. Арæзт ба цæунцæ райони культури хайади разамунди æма Лескени культури Хæдзари косгути æмархайди фæрци. Æма бабæй мæнæ хуæрзæрæги дæр уæхæн æркаст арæзт æрцудæй Лескени гъæуи. Архайдтонцæ си Дигори æма Ирæфи райони фулдæр скъолати ахурдзаутæ.

Ехйай æмдзæвгитæ аййев бакæсунбæл ба сæ ахур кодтонцæ сæ маддæлон æвзаги ахургæнгутæ. Етæ хъæбæр бæрнонæй байархайдтонцæ сæ еци ихæстæ тæккæ хуæздæр хузи исæнхæст кæнунбæл.

Цæйбæрцæбæл син уарзон æй нæ маддæлон литературæ, уомæн ба хуарз æвдесæн иссæй æркасти архайæг исфæлдистадон къуæртти бæрцæ дæр.

Етæ дехгонд æрцудæнцæ æртæ къуаребæл. Фиццаг къуари – кæстæр къласти ахурдзаутæ, дуккаги – астæуккаг æма æртиккаги – хестæркъласонтæ.

Æнæгъæнæ цуппар сахаттей бæрцæ рахаста исфæлдистадон æркаст. Сæ архайдæн син аккаг аргъ искодтонцæ сæрмагонд жюрий иуонгтæ: Уæрæсей финсгути Цæдеси иуонг, поэт, прозаик Хохойти Энвер, Уæрæсей æскъуæлхт артист, Цæгат Иристони Ирон драмон театри режиссер Сæбанти Тамерлан, историк-æртасæг Хъæрданти Тимур, тележурналист Колити Людмилæ, Цæгат Иристон-Аланий адæмон артист Битарти Александр, Ирæфи райони культури хайади сæргълæууæг Темурти Хетæг.

Мадзал музыкалон æгъдауæй исаййев кодтонцæ нæ республики филармоний музыканттæ, сæ сæргъи дирижер – Ходи Олег æма ансамбль «Фидæн»-и артисттæ. Сæ аййев цæгъдтитæй æма зартæй барохс кодтонцæ мадзали архайгути зæрдитæ. Мадта скъоладзаутæ хъæбæр разæнгардæй бавдистонцæ сæхе, куд фæззæгъунцæ, еу инней цъухæй истонцæ Ехйай æнæмæлгæ рæнгъитæ.

Аци мадзал ма еу хатт дæр хуарз æвдесæн æй, дигорон азæлгæ æвзаг цæйбæрцæбæл тухгин æма хъазар æй, ка ибæл дзоруй, уонæн.

Мадзали кæронбæттæни жюрий хатдзæгтæмæ гæсгæ кадгин уавæри Кади грамотитæ æма Ехйай уадзимисти æмбурдгонд лæвæрд æрцудæй еугур архайгутæн дæр.

Фиццаг æртæ бунати ка нийййахæста, уонæн ба ма исаккаг кодтонцæ дипломтæ, зæрдæбæлдарæн лæвæрттæ æма æхцай премитæ. Ехйай поэзи ба ма еума хатт дæр æвдесæн æй, дигорон æвзаг цæйбæрцæбæл æнæмæлгæ 'й, уомæн.

Уæлдай устур арфиаг ихæс, ку зæгъæн, æхемæ райсуй алли хатт дæр е 'нсувæри фурт Валерик. Валерикки хузæн нæ маддæлон æвзагбæл рæстуодæй æновуд ка 'й, æ багъæуай кæнуни æма æ идарддæри райрæзтбæл бæлвурд гъуддæгутæй ка архайуй, уæхæн адæймæгутæ кæмæ уа, еци адæми æвзагæн исæфæн некæд уодзæнæй. Арфæ ин кæнæн мах дæр, уомæн æма нæ газети цардгъондзийнадæн æ агъазгæнгутæй еу æй.

Хидирти Ехйа е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ финста:

*Æй уомæ гæсгæ ба мæ зар*
*Кæми хор бон, кæми мæйдар.*
*Зæрдæй нивварднон си мæ уод –*
*Адæмæн æй кæнун нивонд…*

Æма ин адæм дæр зæрдæхцæуæнæй райстонцæ æ еци нивонд, табугонд син æй…

**КОЛИТИ Витали**



ХИДИРТИ Ехйай номæрæни литературон мадзали архайгутæ. Галеуæрдиги кæронæй лæууй ХИДИРТИ Валерæ.

*БАСКАТИ Урузмӕг, актер, журналист: «Куд адӕймаг, уотӕ Суанти Ким адтӕй ӕцӕг ирон лӕг, алли уавӕри дӕр гъӕугӕ лӕг. Ци ӕ искурдиадӕй, ци ба ӕ хуӕрзӕгъдаудзийнадӕй бӕрӕг дардта. Ким кӕми уидӕ, уоми ӕ алливарс ӕрбамбурд уиуонцӕ адӕм. Ӕхемӕ ӕ зӕрдӕхцӕуӕндзийнадӕй ка ӕлваста, уӕхӕн адӕймаг адтӕй».*

# ЗАРДТА ЗӔРДИБУНӔЙ, ИМИСӔН ӔЙ ЗӔРДИАГӔЙ…



***Амӕй-а бӕрзонддӕр дзурдтӕ ӕма ирд хуарӕнтӕй дӕр нӕййес ӕнхӕстӕй равдесӕн СУАНТИ Кими искурдиади арӕнтӕ. Абони ӕ райгурдбӕл исӕнхӕст ӕй фондз ӕма цуппаринсӕй анзи (1940-1995). Ӕгӕр раги ӕ тӕккӕ цардгъондӕр кари дӕс ӕма инсӕй анзей размӕ фӕндаггон фидбилизи бацарӕфтуд ӕй… Ӕ исфӕлдистади уӕлтӕмӕнадӕ уӕлдай ирдӕй ку исӕрттивта, раст еци рӕстӕги. Ӕ уӕлзӕнхон цардӕй уотӕ ӕверхъауӕй рахецӕн уогӕй, уӕддӕр ни хецӕн ба нӕ фӕцӕй, цӕруй не 'хсӕн – байзӕдтӕгтӕн байзадӕй зартӕгӕнӕг, дӕсни актер ӕма ӕмбесондӕн хӕссуйнаг искурдиадӕй, ӕ адӕймагдзийнади менеугутӕй, ирон лӕги кадӕ ӕма намусӕй.***

Уӕрӕсей ӕскъуӕлхт артист сценӕмӕ фиццаг хатт рацудӕй ӕ райгурӕн Алагири, цуппӕрдӕс анзи ибӕл ку цудӕй, уӕд. Скъола каст фӕуунмӕ ма 'й дууӕ анзи гъудӕй, уотемӕй ахур кӕнунмӕ бацудӕй сахари музыкалон училищемӕ, дирижери дӕснийади хайадӕмӕ. Фал си берӕ нӕ радзебӕл ӕй, раздахтӕй фӕстӕмӕ ӕ уарзон скъоламӕ. Хъӕбӕр ӕй фӕндадтӕй профессионалон зартӕгӕнӕг исун, ӕма скъолай фӕсте еци нифси хӕццӕ ахур кӕнунмӕ бацудӕй Саратови Собинови номбӕл паддзахадон консерваторимӕ. Уогӕ 'й каст ба фӕцӕй, Сабурденгизон флоти дӕлдондзӕуӕг науи баслужбӕ кӕнуни фӕсте. Исӕздахтӕй Ирристонмӕ ӕма куста Цӕгат Иристони паддзахадон филармоний солистӕй. Еуиеу рӕстӕг зардта вокалон-инструменталон ансамбльти. Адтӕй гастрольти Польший, Болгарий, Германий, Мозамбики, Японий, Сингапури ӕма Индонезий.

Алӕмӕти искурдиади хецау, агъазиау тенори зартӕ адӕмӕн иссӕнцӕ уотид уарзон нӕ, фал уӕлдай зӕрдтагон. Хетӕгкати Къостай ӕмдзӕвгитӕ «Додой», «Ӕнӕ хай», «Всати», «Усгуры хъынцъым», «Мӕ хуры хай»-бӕл финст зартӕ фиццагидӕр разардта Суанти Ким. Ка сӕмӕ байгъосуй, е сӕ ӕ зӕрдӕмӕ арф райсуй. Цӕмӕн адтӕй адӕмӕн уарзон? Зардта зӕрдӕй, зари байвӕридӕ ӕ уод, еци усмӕ цард, зари дзурд цӕбӕл цудӕй, еци цардӕй.

– Ирон вокалон аййевади гений, ӕ хор, Иристони мурти зӕлди истори ӕма ирон зар хӕссӕг, – еци хатдзӕг ин ӕ цард ӕма исфӕлдистадӕн искодта нӕ республики композиторти Цӕдеси сӕрдар Махъоти Ацӕмӕз ӕма имӕ бафтудта:

– Ӕнзтӕ мӕбӕл куд цӕугӕ цӕунцӕ, уотӕ ми ӕруагӕсӕй-ӕруагӕсдӕр кӕнуй еу гъуддаг: берӕ нӕмӕ ку ес зартӕгӕнгутӕ, фал Кими искурдиадӕ ци ӕмвӕзади адтӕй, ӕ фарсмӕ ка адтӕй, уӕхӕнттӕ нӕмӕ, ӕвӕдзи, нӕбал удзӕнӕй. Ахид фӕгъгъуди кӕнун, ӕрдзон искурдиадӕй хайгин вокалисттӕ нӕмӕ берӕ ку ес, уӕд Кими ӕмвӕзадӕмӕ цӕмӕннӕ исхезунцӕ? Суанти Ким, Билаонти Долорес ӕма Хъулати Елхъан еу «исфӕлдистадон аги» фунхтӕнцӕ, сӕ хӕццӕ адтӕнцӕ, зартӕ син ка финста, еци поэттӕ ӕма композитортӕ. Еци зартӕгӕнгутӕ сӕ разӕнгард кодтонцӕ зартӕ финсунбӕл, уӕрӕсейаг эстради ке зарунцӕ, уонӕмӕ ӕвналуни сӕр сӕ нӕ гъудӕй. Нур дӕр бӕргӕ ерис кӕнунцӕ, зӕгъӕн, Хаханти Дудари «Фӕрнӕй фӕцӕрай» разарун, фал ӕй Кими хузӕн неке ма разардта. Уомӕн ӕма е 'мдзӕвги алли рӕнгъӕмӕ дӕр кӕсгӕ кодта. Ӕригон зартӕгӕнгутӕ, зӕгъӕн, Къӕбойти Николаймӕ, Кокайти Тотрадзмӕ, Диамбегти Олегмӕ зар син ниффинсуни фӕндони хӕццӕ бацӕуни бӕсти, раздӕр ке кодтонцӕ, уони зардзӕнӕнцӕ, фулдӕр хӕттити – цауддӕр.

Нури дууӕ-ӕртӕ фӕлтӕри еу нӕуӕг аккаг зар дӕр нӕ ниууадздзӕнӕнцӕ фӕстагӕнттӕн, ӕма е ба расагъӕс кӕнуйнаг хабар ӕй.

Кими имисӕн изӕри, концертмӕ цӕттӕгӕнгӕй, искурдиадӕгин ӕригон зартӕгӕнӕг Бесолти Диани баййафтон, оркестри хӕццӕ «Ныййарӕг мад» зартӕй. Ӕма рӕстӕг ку фӕцӕй, уӕд мин уотӕ радзурдта:

– Исгъомбӕл дӕн Суанти Кими исфӕлдистадӕбӕл, ирон музыкӕмӕ кӕсун, уинун ӕй цӕститӕй. Ци зардта, куд ӕй хъӕртун кодта адӕммӕ, е мин хӕстӕг ӕй. Уарзун, ци зартӕ зардта, уони. Фӕнзун ӕй, мӕхе зӕрди уагӕ сӕмӕ бафтаун, уотемӕй. Ӕ исфӕлдистадӕ мин цирен кӕнуй мӕ уод.

Суанти Кими хъӕппӕересӕй ӕ рӕстӕги арӕзт ӕрцудӕй паддзахадон национ эстрадон оркестр, кӕци абони хӕссуй ӕ ном. Аци исфӕлдистадон коллективи разамонӕг Къӕбойти Николай нӕ хӕццӕ дзубанди кӕнгӕй уотӕ загъта:

– Артисти исфӕлдистадӕ ӕносон ӕй. Уотӕ зӕгъӕн ес Кимӕй. Артист зарунбӕл ахур кӕнун ку райдайуй, уӕд ин федауй ӕ райдайӕни аййевади дӕсните цӕмӕйдӕрти фӕнзун, е ӕй, ӕвӕдзи, гъӕугӕ дӕр кӕнуй. Фал ӕцӕг артист исуодзӕнӕй уӕд, ӕма ӕ гъӕлӕсиуагӕй е 'нкъарӕнтӕ равдесунмӕ ку арӕхса, ӕ разӕй ӕцӕг зартӕгӕнгутӕ куд кодтонцӕ, уотӕ. Ӕхе хуарӕнтӕ ма имӕ ку бахӕсса, уӕд е ба еугуремӕй дӕр хуӕздӕр удзӕнӕй. Е ба артисти монон ӕмвӕзадӕй арӕзгӕ 'й, берети къохи не 'фтуйуй. Фӕндуй сӕ, фал куд, уой нӕ зонунцӕ. Хуцау син гӕнӕнтӕ раввардта, сӕ исӕнхӕст кӕнун ба сӕхецӕй арӕзгӕ 'й, кӕцифӕнди исфӕлдистадон адӕймагӕн дӕр зин е ӕй.

Ким еци-еу рӕстӕг цалдӕр эстрадон коллективеми зардта, фал бӕлдтӕй, цӕмӕй солистӕн цӕгъдонцӕ дууадӕсемӕй нӕ, фал ӕнӕгъӕнӕ оркестр, уӕдта зали дӕр уа хуарз зӕлунадӕ. Ӕма ма еу гъуддаг – оркестрӕн гъӕуама, ӕнӕмӕнгӕ, лӕвӕрд ӕрцудайдӕ паддзахадон статус. Ӕма Кимӕн ӕ дӕс ӕма дууинсӕй анзей фӕдбӕл концерти фӕсте ӕрцудӕй еци цау.

Къӕбойти Николай уӕд разамунд лӕвардта, фӕстӕдӕр паддзахадон национ эстрадон оркестр ке бурдорбӕл арӕзт ӕрцудӕй, еци студентон оркестрӕн. Хуӕрз минкъий къласи 1993 анзи 1 апърели арӕзт ӕрцудӕй оркестри фиццаг репетици. Ким ма уотӕ дӕр бакодта, зӕгъгӕ, неци кӕнуй, 1 апърел ходуни бон ӕй, фӕууиндзинан, фӕстӕдӕр ни ка ходдзӕнӕй, уой. Уӕдӕй нури уӕнгӕ рацудӕй ӕртиндӕс ӕма инсӕй анзи. Нур ӕ ном ци оркестр хӕссуй, е ӕй цардгъон, идӕрдтӕбӕл игъустгонд, бӕрзонд ӕмвӕзадӕбӕл ӕй ӕ берӕвӕрсуг исфӕлдистадон архайд.

– Сценӕбӕл кӕндзӕстуг некӕд фӕууӕн, архайӕн, цӕмӕй Кимӕн ӕ зӕрдӕ ци цӕхӕрӕй цирентӕ кодта, уой рохсдзийнадӕ зали бадгутӕмӕ хъӕртун кӕнӕн, – зӕгъуй оркестри нури разамонӕг. – Ка нӕмӕ фегъосуй, уони уарзондзийнади тухӕ хъӕртуй махмӕ дӕр, сценӕмӕ. Е ба 'й, цӕмӕ бӕллӕн еци арфиаг гъуддаг: оркестр, зартӕгӕнӕг ӕма зали еудзийнадӕ. Уонӕй арӕзт ӕй аййевадӕ.

Кими дессаг удиконди менеугутӕбӕл дзоргӕй, Къӕбойти Николай ма уотӕ загъта:

– Зартӕгӕнгутӕмӕ цӕмӕдӕр гӕсгӕ уӕхӕн миуӕ исфедар ӕй, ӕма ретепиций рӕстӕг си еунӕг дӕр идзаг гъӕлӕсиуагӕй некӕд фӕззаруй, концертмӕ фӕййауӕрдунцӕ сӕхебӕл. Ким уонӕй нӕ адтӕй. Цалдӕргай хӕттити багъӕуидӕ цӕгъд бауорамун, уӕддӕр ӕ гъӕлӕсиуагӕ некӕд фӕнниллӕгдӕр кодта. Еуӕхӕни имӕ дирижер дзоруй, махӕн ку нӕ фӕууайуй ӕма ӕрлӕууӕ-ӕрлӕууӕ ку фӕккӕнӕн, уӕд дӕхебӕл байауӕрдӕ, ду си ци фудгин дӕ?

– Ци? Ӕз ӕрдӕггъӕлӕсӕй ку косон, уӕд сумах дӕр уотӕ цӕгъддзийнатӕ – иуонгмардӕй, – адтӕй ӕ загъд, кӕци оркестрӕн иссӕй сӕ еудадзугон фӕткӕ, уобӕл сӕ исахур кодта.

Суанти Ким фескъуӕлхтӕй нӕ национ киноаййевади киной. Заманай ирд сорӕттӕ исаразта цалдӕр аййевадон кинонивеми, етӕ нӕ дзиллӕн зундгонд ӕнцӕ. Уонӕмӕ гӕсгӕ ба нӕ бон федарӕй уотӕ зӕгъун дӕр ӕй, ӕма цӕйбӕрцӕ берӕ ма ин бантӕстайдӕ аййевади аци къабази, ӕ ирисхъӕ ибӕл уотӕ гадзирахаттӕй ку нӕ рацудайдӕ...

… Рӕстӕг ӕ размӕцудӕй не 'нцайуй, фӕдфӕди евгъуйнцӕ ӕнзтӕ, нӕ цардарӕзтмӕ сӕхе ӕйййивддзийнӕдтӕ хӕссунцӕ, нӕуӕг фӕлтӕртӕн цӕмӕдесаг исунцӕ ӕндӕр нӕуӕгдзийнӕдтӕ. Уомӕн, ӕвӕдзи, ӕнӕ уӕн дӕр нӕййес… Фал ес уӕхӕн хабӕрттӕ ӕма цаутӕ дӕр, кӕцити алӕмӕтдзийнадӕ нӕ нидӕн кӕнуй, рӕстӕгутӕ адӕми цардиуагӕ цийфӕнди ку раййевӕ-байиевитӕ кӕнонцӕ, уӕддӕр. Ӕнӕ уотӕ уӕн дӕр ин нӕййес. Уомӕн ирд ӕвдесӕн ӕй е дӕр, ӕма Суанти Ким кӕд дӕс ӕма инсӕй анзи не 'хсӕн нӕбал ӕй, уӕддӕр нӕ дзиллӕй иронх нӕй. Уомӕн ӕвдесӕн – ӕ райгурдбӕл фондз ӕма цуппаринсӕй анзи ке исӕнхӕст ӕй, уой фӕдбӕл 28 октябри Цӕгат Иристони Хетӕгкати Къостай номбӕл паддзахадон университети Киноконцертон зали арӕзт ӕ номерӕн исфӕлдистадон изӕр. Берӕ дзиллӕ си бамбурд ӕй – Суанти Ким абони дӕр ма хеуони хузӕн зӕрдтагон кӕмӕн ӕй, ӕ исфӕлдистадӕ хъазар кӕмӕн ӕй, етӕ 'й имистонцӕ ӕхе зартӕй дӕр, ӕма ӕ кадӕн музыкалон уадзимистӕй дӕр.

**ХУБИАТИ Ларисӕ**



СУАНТИ Ким хъӕбӕр зӕрдиагӕй архайдта ӕригон исфӕлдистадон фӕлтӕртӕн агъаз кӕнунбӕл.

**ПАМЯТЬ**

*Ирина ГУРЖИБЕКОВА*

## КИМУ СУАНОВУ

*Тебя не хватает семье безутешной.*
*Тебя не хватает проталинам вешним.*
*Оркестру и залу, гармони, роялю –*
*Как будто с тобой и себя потеряли.*

*И даже когда над просторами края*
*Эстрада свое многоличье являет,*
*И многоголосье царит и пленяет, –*
*Тебя не хватает. Тебя – не хватает.*

*ХÆТÆГТИ Владимир (1939-2022), фæскомцæдеси Цæгат Иристони обкоми фиццаг секретарь 1970-1975 æнзти: «Евгъуд æноси тæккæ райдайæни Советон Республикæ ку райгурдæй, уæд æ тæккæ зин уавæрти æ сæрбæлтау тохгæнгути æмрæнгъæ 'рлæудтæнцæ косæг æма зæнхкосæг фæсевæди минæвæрттæ. Арæзт æрцудæй фæсевæди Еугуруæрæсеуон Коммунистон Цæдес. Уæд фæскомцæдеси рæнгъити адтæй æдеугурæй дууæ æма инсæй*


Дзæуæгигъæуи аци гъæунгæ хæссуй Цæгат Иристони фæскомцæдес исаразгутæй еу, зингæ партион æма æхсæнадон архайæг ХЪОЙБАЙТИ Николайи (Къолай) ном.

# ЦÆХÆРЦÆСТÆ ФÆСЕВÆДИ ЗИНГЗÆРДÆ РАЗДЗÆУÆГ



**БАЛИКЪОТИ Тотраз,**
(1953-2022),
**историон наукити доктор, профессор**

Цæгат Иристони фæскомцæдеси бундорæвæргутæй еу адтæй Хъойбайти Тотай фурт Къола (е 'ригонæй æй гъæубæстæ худтонцæ Нæуæг). Советон хецаудзийнадæ Цæгат Иристони ку æрфедар æй, уæд еци цардбæллон лæхъуæн е 'рдхуæрдтæ мæхческаг Дзæгъойти Микъала, фæснæйлаг Годзойти Кермен æма фæрæскъæттаг Худæлти Иласи хæццæ устур куст бакодтонцæ Дигоргоми гъæути фæскомцæдесон организацитæ исаразунбæл. Зæрдæргъæвд æма искурдиадæгин адæймаг уогæй, Хъойбай-фурт фæстæдæр иссæй æнæгъæнæ Цæгат Кавкази зингæдæр фæскомцæдесон раздзæуæг. Берæ хуарз гъуддæгутæ исаразун ин бантæстæй. Ка 'й зонуй, никки фулдæртæ æма дессагдæртæ ма ин бантæстайдæ æ рæстуод архайди нæуæг цардарæзти сæрбæлтау, фал евгъуд æноси 30-аг æнзти азари бастъалдæй нæ адæми знæгти фудæй.

Хъойбайти Къолай цардвæндаг æма архайди туххæй, кæд уотæ берæ æрмæгутæ финст не 'рцудæй, уæддæр рæстæгæй-рæстæгмæ цидæр æрмæгутæ фæззиннидæ мухури фæрæзнити. Уогæ е раздæр, советон рæстæгути адтæй, нури доги дзиллон хабархæссæг фæрæзнити ба уæхæн æрмæгутæ нæбал фæууиндзæнæ, уомæн æма æ адæмæн рæстуодæй ка лæггадæ кодта æма уой хуарзæн æ цард ка иснивонд кодта, уæхæн адæймæгутæ сæмæ нимади нæ 'нцæ, сæ «демократон уодиконди» син бунат нæййес...

Мах ба 'й нæ агъазиау ихæсбæл нимайæн Хъойбайти Къола æма уой хузæн адæймæгути, нæ адæмæн берæ хуæрзтæ аразгæй ка фескъуæлхтæй, уони рохс нæмттæ цитгинæй æносон кæнун. Гъе уомæ гæсгæ, Ленинон фæскомцæдеси сæдæ анзей кадæн æрмæгутæ мухур кæнун идайæн Хъойбайти Тотай фурт Къолай туххæй дзубандийæй.

Аци æрмæг цæттæ кæнгæй испайда кодтан æ рæстæги Хъойбайти Къолай туххæй Цæгат Иристони революцион æзмæлди архайæг Æбати Шамил, уæдта зундгонд ахургæнæг æма публицист Тауасити Фацбай кæддæр ци уацтæ ниффинстонцæ, уонæй.

### ХУАРЗ БÆЛАСÆ АЙДАГЪДÆР ХУАРЗ ТАЛАЙÆЙ ИРÆЗУЙ...

... Дигоргом. Мæнæ Сау хонхи дæлвæзи, Галаузи дони билæбæл æрæнцадæй Уæхъæци гъæу. Ами цардæй Хъойбайти муггаг. Сæ хестæр Гуйман хъæбæр базæронд æй. Изæрæй бийнонтæ ку æрæмбурд æнцæ, уæд Гуйман кодта æ уæззау царди хабæрттæ. Æ уæле лигъз хæдонæ некæд искодта, æ зæрдæ ци агурдта, уæхæн хуæруйнаг некæд бахуардта. Кæд кафагæ æма зарагæ лæхъуæн адтæй, уæддæр æй е 'мгæртти æмрæнгъæ ралæуунмæ некæд райевдалдæй.

Гуйман кустгъон нæбал адтæй. Хæдзари берæ бийнонти гъуддæгутæ фæстагмæ æнхæст кæнун райдæдта æ фурт Тотай. Зундгин æма 'й раст лæгæй зудтонцæ адæм.

Гъæуи цæргутæй беретæ хицæ кодтонцæ Хъойбайти хуæрзæгъдау, фæллойнæуарзагæ æма æнгом бийнонтæмæ. Уони æхсæн, е 'гъдау æма циргъзундæй хецæн кодта Тотай фурт Нæуæг (фæстагмæ 'й гъæубæсти медæгæ хонун райдæдтонцæ Къола). Райгурдæй 1908 анзи. Хуарз æй ка зудта, етæ куд имистонцæ, уотемæй сабийæй уæзбунгомау арæзтитæ адтæй. Фал ибæл æнзтæ куд цæугæ цудæнцæ, уотæ æййивтонцæ æ уодигъæдæ, æ меддуйне. Минкъий биццеуæй райдæдта æ фидæн хæдзари кустити агъаз кæнун, сауæнгæ ма гъæдæй æ рагъбæл сог дæр æрхæссидæ, цудæй фиййауæй дæр. Ка 'й зонуй, куд æма ци хузи рауадайуонцæ еци тухст уавæрти æ идарддæри карни хабæрттæ, фал уæдмæ Уæрæсей фæуууæлахез æй Октябри революци, æ рохс тунтæ бахъæрттæнцæ Дигори арф кæмттæмæ дæр æма æригон биццеуи искурдиадæ талатæ рауагъта.

Раст еци рæстæгути Къолайæн, куд фæззæгъунцæ, æ гъолæ исхаудтæй – ахур кæнун райдæдта Мæхчески райдайæн скъолай. Æ ахургæнæг адтæй зундгонд финсæг Малити Геуæрги. Хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ биццеу хуæрзбон загъта скъолайæн. Бæргæ æй фæндадтæй идарддæр ахур кæнун, фал ин сæ бийнонти цардиуаги зин уавæртæ нæуæгæй æ къохмæ райсун кодтонцæ фонсгæси лæдзæг.

Уæддæр идарддæр ахур кæнуни бæлдæ ба æ зæрдæй нæ хецæн кодта. Æма ин, адтæй нæ адтæй, уæддæр исæнхæст æй – 1926 анзи 'й райстонцæ Цæгат Иристони педагогон техникуммæ студентæй. Еци разæнгардæй бавналдта æ ахури гъуддагмæ, ци гæнæн æма амал адтæй, уомæй архайдта фулдæр зонундзийнæдтæ райсунбæл.

Æ студентон рæстæги Къола е 'нобуддзийнадæ айдагъ ахури не 'вдиста, фал æхсæнадон архайди дæр адтæй раззагдæрти хæццæ. Уогæ æхсæнадон куст кæнун Къола райдæдта, сæхе гъæуон скъолай ма ку ахур кодта, уæд. Ами, мæнæ 'й минкъий раздæр дæр ку загътон, е архайдта хуæнхаг фæскомцæдесон къуæрттæ исаразун æма ниффедар кæнуни гъуддаги. Техникуми ахур кæнгæй ба никки ирддæрæй уайтæккæ рабæрæг æнцæ æ организаторон арæхстдзийнæдтæ, æма 'й уоми фæскомцæдеси организаци æхецæн равзурста секретарæй. Еци-еу рæстæг зæрдиагæй архайдта æнæгъæнæ облæсти фæскомцæдесон организаций кусти дæр. Зæгъæн, куд Еугурцæдесон коммунистон (большевикти) партий æма фæскомцæдеси обкомти бæрнонгин, уотæ Къола хуарæфснайæнти рæстæг æрзилдæй Иристони еугур гъæутæбæл дæр, уоми фæллойнæгæнгути разæнгард кодта хуар цæттæ кæнунмæ æма тиллæг паддзахади хуардæнттæмæ æрветунмæ, гъæути медæгæ колхозтæ аразунмæ.

Хъойбай-фуртæн куд фулдæр кодта æ фæлтæрддзийнадæ, уотæ ин ихæсгонд цудæй берæ аллихузон, еу иннемæй вазугиндæр куститæ. Зæгъæн, 1930 анзи апърели инисангонд æрцудæй облæсти фæскомцæдеси газет «Æригон большевик»-и редакторæй. Æбати Шамил æ имисуйнæгти уотæ финсуй: «Газети редакций адтæнцæ, журналисти куст уæди уæнгæ ка нæма зудта, уæхæн æригон лæхъуæнтæ: Хъайтухъти Михал, шахтер Цæгæрати Андрей, гъæдгæройнаг биццеу Хутъинати Циппу (фæстагмæ иссæй Иристони зингæ поэттæй еу), æз дæр уæд сæ хæццæ адтæн. Кæд газети кусти æвæлтæрд адтæнцæ, уæддæр редакций косгутæ, Къола сæ сæргъи, уотемæй сæхебæл нæ аурстонцæ, рæстуодæй архайдтонцæ, цæмæй газет партион организацийæн агъаз кодтайдæ колхозтæ ниффедар кæнунæн, зæронд æгъдæуттæ æма фæткитæн сæ зианхæссæг байзайæггæгтæ адæми цардиуагæ æма зундирахастæй фесафунбæл, культурон революци идарддæр царди уадзунбæл тохи æма æндæр гъуддæгути.

Хъойбай-фурт устур зæрдиагæй архайдта фæсевæди журналистон дæсниадæбæл ахур кæнунбæл. Æма ескæмæ арæхстдзийнæдтæ ку æрæстæфидæ, уæд цийнæ кодта сувæллони хузæн, алкæддæр ин агъаз кодта æ идарддæри ампъезти. Къола æ алливарс æмбурд кодта арæхстгин æригон уацхæсгути æма сæ аразта раст надбæл. Иристони зундгонд финсгутæй е æ дзамани берети исразæнгард кодта финсæги зин надбæл æрлæуунмæ.

1930 анзи кæрони фæскомцæдеси VI облæстон конференций Хъойбайти Къола æвзурст æрцудæй фæскомцæдеси Цæгат Иристони обкоми фиццаг секретарæй. Аци кусти уæлдай хъæбæрдæр рабæрæг æй е 'стур искурдиадæ. Алкæддæр е адтæй фæсевæди, адæми æхсæн. Къола, куд фæскомцæдесон раздзæуæг, уотæ хуарз зудта, фæсевæдæн циуавæр фарстатæ 'нцæ ахсгиаг æма син агъаз кодта уони хуæздæр хузи райаразунмæ. Æма 'й етæ дæр берæ уарзтонцæ, Иристони аллирауæнти дæр ибæл цийнæгæнгæй исæмбæлиуонцæ.

### ÆРГОМ ДЗУРД ЗÆРДÆ ХУÆЗДÆР ЛÆДÆРУЙ...

Фæсевæди зæрдити ци берæ аллихузон фарстатæ игурдæнцæ, уонæмæ Хъойбай-фурт хъæбæр лæмбунæг æркæсидæ, куд гæнæн æма амал уидæ, уотæ сæ лух дæр кодта – уой дæр фæскомцæдеси обкоми азгъунсти нæ, фал заводти æма шахтти, фабрикти æма колхозти, скъолати фæсевæдæн сæхе хæццæ æмбæлгæй æма зæрдæй-зæрдæмæ дзубанди кæнгæй.

– Иронх кæнун нæ гъæуй уой, – ахид дзурдта Къола, – нæ фæсевæд сæ еугур нерæнгæ ке нæма лæдæрунцæ, ци доги син цæргæ рауадæй, уомæн æ хецæнддзийнадæ цæйбæрцæбæл устур æй, уæдта раздæриккон рæстæгутæй уæлдай си ци æййивддзийнæдтæ цæуй æма ма идарддæр дæр цæудзæнæй, уони агъазиаудзийнадæ, уомæн æма си беретæ нæ зонунцæ, революций размæ ци зиндзийнæдтæ æвзурстонцæ мæгур адæм, уой. Æнахъæл гъæртæй, командæ кæнунæй федарзунд æма еузæрдиуон адæймæгутæ гъомбæлгæнæн нæййес.

Æма уæхæн гъомбæладон куст æригæнтти 'хсæн кæнунмæ Къолайæн æхе хузæн, æвæдзи, беретæ нæ арæхстæнцæ. Уотид минкъий гæнæн æма фадуат кæми уидæ, уоми 'й кодта зæрдæмæгъаргæ хузи. Æбати Шамил æ имисуйнæгти финсуй: «Мæ зæрдæбæл лæууй уæхæн цау. Къола адтæй Садони æрзæткъахæнти æма 'й бафæндадтæй, æрзæткъахгутæн Цъæййи сæ фæллад уадзунæн уавæртæ куд æнцæ, уой базонун. Цъæййи санаторий е æнæнгъæлти баййафта зингæ революционер Арсæгти Горгай, граждайнаг тугъди æскъу-

***мин æригон адæймаги. Рацудæй рæстæгутæ, Советон Цæдес æ тæккæ тухи бацудæй, æма фæскомцæдес иссæй алæмæти дзиллон, æ иуонгти бæрцæ исхъæрттæй дæсгай миллионти уæнгæ... Ленинон фæскомцæдеси ахсгиаг къабазæ иссæй Цæгат Иристони фæскомцæдесон организаци. Е фæззиндтæй 1918 анзи фæззæги. Æма æ анзфинст дессаги гъæздуг æй нæ Фидибæсти сæрбæлтау арæзт арфиаг гъуддæгутæй...»***



æлхт бæгъатæр Дзæрæхохти Хадзимурати, ССР Цæдеси æнхæсткоми иуонг Калоти Заурбеги æма ма берæ æндæр зундгонд адæймæгути. Зæрдтаг дзубанди син райеудагъ æй берæ аллихузон хабæртти фæдбæл. Сæ рази ка фæцæй еци рæстæг, етæ сæмæ хъæбæр лæмбунæгæй игъустонцæ. Сæ дзубанди цæйбæрцæбæл ахсгиаг æма дессаг адтæй, уомæн ба æвдесæн е дæр, æма уæлдайдæр фæсевæди гъуддæгути туххæй ку райдæдтонцæ дзорун, уæд уоми æригон фæлладуадзгутæй ка адтæй, етæ, æгъдаумæ гæсгæ уæд куд уидæ, уотæ хестæртæй барæ ракурдтонцæ, цæмæй сæ гъудитæ зæгъонцæ... Æма, бауæндетæ, гъе уотæ æнай-æнойти си рауадæй дууæ фæлтæрей съезди хузæн дзубанди. Хестæртæ боз адтæнцæ фæскомцæдесонтæй, рæстзæрдæй сæ растудтонцæ се 'нтæстдзийнæдти туххæй, уой хæццæ ба ма син равардтонцæ къуар пайдайаг фæдзæхсти, уæдта еумæ сæ къарæ иситонцæ...»

Уæдмæ Къолай кой, куд фæсевæди искурдиадæгин разамонæг, уотæ райгъустæй айдагъ æнæгъæнæ Иристони нæ, фал уомæй берæ идарддæрти. Коммунистон (большевикти) партий Цæгат Кавкази крайком 1931 анзи дуккаг æмбеси Хъойбай-фурти иснисан кодта Цæгат Кавкази фæсевæдон газет «Большевистская смена»-йи редакторæй. Уомæй минкъий фæстæдæр ба æвзурст æрцудæй Ленинон фæскомцæдеси Цæгат Кавкази крайкоми секретарæй. Аци бунати уогæй, устур куст кодта Цæгат Кавкази берæнацион уавæрти ленинон национ политикæ царди уадзунбæл, æ гъос хъæбæр дардта фæсевæди коммунистон уагæбæл гъомбæл кæнунмæ. Аци, уæдта Кавкази фæсевæди змæлди æндæр ахсгиаг фарстати туххæй ахид финста уацтæ Компартий Цæгат Кавкази крайкоми теоретикон журнал «Революция и горец»-и. Уоми, зæгъæн, æ рæстæги ниммухур кодта уац «Цæгат Кавкази национ облæсти фæскомцæдес дуккаг фондзанзони къæсæрбæл». Еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте бабæй ин еци журнали фæззиндтæй æ иннæ уац «Хуæнхон фæскомцæдес социализмбæл тохи». Уонæми фæсевæдæн партий политикæ æма нисантæ лæдæрун кæнгæй, разæнгард сæ кодта уони æнхæст кæнуни гъуддаги хъазауатонæй архайунмæ, цæмæй тундзонцæ нæуæг цардаразгути раззагдæр рæнгъити унмæ, æвдесонцæ пайдахæссæг хъæппæрес æма еузæрдиуондзийнадæ еугурадæмон гъуддæгути.

Еци рæстæг Цæгат Кавкази фæскомцæдесон организаци æмцегадæ кодта Сау денгизи флотбæл. Крайкоми секретари сæйраг кой адтæй фæсевæди 'хсæн тугъдон куст рапарахат кæнун. Крейсер «Сурх Кавказ»-и донмæ ку уагътонцæ, уæд уордæмæ рандæй крайи фæскомцæдеси делигаци, æ сæргъи адтæй Хъойбай-фурт, утемæй. Денгизонтæ сæбæл хъæбæр æхцæуæнæй исæмбалдæнцæ, мадта Къолабæл ба искодтонцæ сæхе денгизон уæледарæс æма е утемæй архайдта бæрæгбони фæдбæл арæзт мадзæлтти.

Нæуæг цардарæзти гъуддæгутæ куд рæстмæдæр кодтонцæ, куд æнтæстгиндæрæй цудæнцæ æма си фæллойнæгæнæг дзиллитæ куд фулдæрæй еузæрдиуонæй архайдтонцæ, уотæ е 'знæгтæ ба мæстгунæй-мæстгундæр кодтонцæ, сæ фудмиутæ нæ уагътонцæ. Уомæ гæсгæ 1932 анзи Кубани кулактæ исаразтонцæ контрреволюцион саботаж. Коммунистон (большевикти) партий Центрон Комитет уордæмæ бæрнонгинæй рарвиста Еугурцæдесон фæскомцæдеси Центрон Комитети уæди фиццаг секретарь А.В.Косареви. Æ хæццæ уордæмæ æрвист æрцудæй Хъойбай-фурт дæр, æма етæ дууемæй сæ æмархайгути хæццæ æртæ мæйей дæргъи, æхсæвæ-бон не 'взаргæй, зилдæнцæ Кубани станицитæбæл, æмбалдæнцæ фæллойнæгæнæг хъазахъæгти хæццæ, лæдæрун син кодтонцæ уавæри æцæгдзийнадæ, дзиллити æзмæнтгутæн æцæгæй сæ нисан ци æй, уой. Уой хæццæ ба æнгом кодтонцæ уордигон фæскомцæдеси рæнгъитæ, фæсевæд хъауритæ аразтонцæ саботаж искунæг кæнунмæ.

## АЛЛИ КУСТИ ДÆР АДТÆЙ ХЪÆППÆРЕСГИН ÆМА ÆНТÆСТГИН

Алкæддæр адæми хæццæ, алцидæр адæми сæрбæлтау – гъе уæхæн адтæй Къолай царди бундорондæр нисан. Фæскомцæдеси разамонæг косгути разæнгард кодта фулдæр адæми 'хсæн унмæ, сæ хæццæ ахиддæр æмбæлунмæ, сæ царди хабæрттæ син хе цæститæй уинун, сæ сагъæссаг фарстати фæдбæл син сæ зæгъуйнæгтæ хе гъостæй игъосун, кæстæр фæлтæртæй нæуæг цардарæзтбæл æновудæй тохгæнгутæ гъомбæл кæнунмæ æма син сæ уодигъæдæ идейон æгъдауæй æхседунмæ.

Фæскомцæдеси Центрон Комитет 1933 анзи Хъойбайти Къолай исæвзурста Фæсевæди Коммунистон Интернационали (ФКИ) уруссаг секций иуонгæй, исæвардта 'й ФКИ-й хорискæсæн хайади сæргълæуугæй – æма утемæй иссæй фæсевæди дуйнеуон коммунистон змæлди разамонæг къуари иуонг.

Уомæй минкъий фæстæдæр Коммунистон (большевикти) партий Пленуми унаффæмæ гæсгæ колхозтæ организацион-хæдзарадон æгъдауæй исфедар кæнуни туххæй машинон-тракторон станцити (уæдиккон гъæууонхæдзарадон къабази адтæй уæхæн еугæндтæ, кæцитæн сæ ихæс адтæй колхозтæ æма совхозтæн техникон æгъдауæй агъаз кæнун) политикон хайæдтæ аразун байдæдтонцæ. Уордæмæ парти æрвиста тæккæ хуæздæр, зæрдæдаргæдæр æма хъæппæресгиндæр коммунистти. Æма 1933 анзи Хъойбай-фурт нисангонд æрцудæй Хъирими автономон республики зæнхикусти Адæмон комиссариати политикон сектори хецауи хуæдæййевæгæй. Æ кусти устур æргом æздахта фæскомцæдесонти хæццæ æмгустадæмæ.

Æма ин уой фæрци æнтæстæй берæ аллихузон зингæ мадзæлттæ аразун, кæцитæ хъæбæр фæппайда 'нцæ ардигон гъæууон хæдзаради куст æнтæстгиндæрæй цæунæн. Машинон-тракторон станцити политхайæдтæ ихæлд ку æрцудæнцæ, уæд фæскомцæдесон кусти тæккæ арæхстгиндæрти парти рарвиста партион кустмæ. Къола уоми, Хъирими, иссæй Коммунистон (большевикти) партий Алайски райкоми секретарь. Фæскомцæдеси райкоми секретарæй ба си уæд куста Реуазти Симони фурт Геуæрги, фæстæдæр иссæй Цæгат Иристони профессионалон-техникон ахуради Управлений хецау. Геуæрги куд имиста, утемæй Хъойбайфуртæн ами дæр федар рахастдзийнæдтæ адтæй районы фæскомцæдесон организаций хæццæ, ахид дзубанди кæнидæ фæсевæди хæццæ, разæнгард сæ кодта хъæппæресгин æма æнтæстгин кустмæ.

Хъойбайти Къола аци районы косун ку райдæдта, уæд ами адæмон хæдзарадæ фæстезад адтæй. Уомæ гæсгæ ба нæуæг партион разамонæги багъудæй устур хъаурæ æма нифс бавдесун, цæмæй еци уавæр фæррæвдзæдæр адтайдæ, уомæ. Æма ин бантæстæй – цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте Алайски район иссæй Хъирими АССР-и раззагдæр районтæй еу.

Фæстæдæр, 1936 анзи райдайæни, Хъойбайти Къолайæн косгæ рауадæй Хъирими промышленнон центр сахар Керчи, ами 'й исæвзурстонцæ партий райкоми секретарæй. Æма уоми дæр фæккуста хъæбæр æнтæстгинæй.

Хъæбæр нифсхаст æма хъаурæгин, хуæдæфсармæ æма хумæтæг, æнæхийнæ, уодæй дæр æма цæсгонæй дæр кæдзос – уæхæн адтæй Хъойбайти Къола. Æма ма цæйбæрцæбæл агъазиау фарнæхæссæг гъуддæгутæ исаразун ин бантæстайдæ, цæйбæрцæбæл устур хуæрзти ма бацудайдæ æ уарзон дзиллæн, нæ Фидибæстæн!.. Фал ин нæ бантæстæй – бустæги æригонæй æ цард фескъудæй 1938 анзи... Æ æдзæстуарзонти æверхъау хахурти фудæй фесавдæй нæ адæми лæгдæрти лæгдæртæй еу.

Владимир Ильич Ленин «Не 'змæлди ахсгиаг ихæстæ», зæгъгæ, уаци утæ финста: «Бацæттæ кæнун гъæуй уæхæн адæймæгутæ, кæцитæ революцийæн раувæлдай кæндзæнæнцæ айдагъ евдæлон изæртæ нæ, фал сæ цард æнæгъæнæй дæр!..»

Федарæй зæгъæн ес: уæхæн адæймаг адтæй Хъойбайти Тотай фурт Къола. Е æ уарзон адæми амонди сæрбæлтау архайдæн æнæгъæнæй дæр иснивонд кодта æ цард æма æ еци равзурст надбæл, æ карнæмæ гæсгæ ин цæйбæрцæ рæстæг лæвæрд адтæй, уой бæрцæ 'й кæрæй-кæронмæ æдзæстхезæй рацудæй, берæ федауцæ хабæрттæй æй исфæлгонц кодта.

## РÆСТУОДÆЙ СИН ГЪÆУАМА ÆНОСОН КÆНÆН СÆ РОХС НÆМТТÆ

Нæ номдзуд адæймæгутæй не 'хсæн ка нæбал фæууй, уони туххæй дзоргæй фулдæр хæттити утæ фæззæгъунцæ, гъома, сæ рохс нæмттæ иронх нæ уодзæнæнцæ нæ дзиллæй, фæлтæрæй – фæлтæрмæ сæ имисдзæнæнцæ, кадæ син кæндзæнæнцæ. Мæнмæ гæсгæ, е æгæр æндиуд загъд æй – æркæсайтæ, æма утæ имисуйнаг адæймæгутæн сæ фулдæрей абониккон фæлтæртæй утид зонгæ дæр, ефстæгтæй уæлдай, некебал кæнуй.

Хъойбайти Къолай туххæй финст уацтæй дæр – сæ фулдæр мухургонд æрцудæнцæ советон доги – сæ кæронбæттæни утæ загъд уидæ, уомæн æ ном æностæмæ иронх нæ уодзæнæй. Абони 'й уинæн, гъулæггагæн, утæ ке нæ рауадæй, уой. Хуарз æма ма ин советон доги (1968 анзи августи), уæддæр æ ном равардтонцæ Дзæуæгигъæуи гъæунгтæй еуемæн. Е хуарз æй, фал еци гъæунги цæргутæй, цума, ескетæ зонунцæ, сæ гъæунгæ ке ном хæссуй, уой æма æ царди хабæрттæй еститæ. Магъа-магъа...

Æрхæстæг кæнуй Ленинон фæскомцæдеси сæдæ анзей юбилей. Уой фæдбæл, æвæдзи, ести цитгингæнæг мадзæлттæ дæр арæзт æрцæудзæнæй. Æма хуарз уидæ, уони «æрттивдтити» ауони иронхуати ку нæ райзайиуонцæ, Цæгат Иристони фæскомцæдес ке фæрци исæнтæстæй æма гъомусгин кодта, уони рохс нæмттæ... Еци гъуддаг исаразун зин нæй, фал æ хуарздзийнадæ ба уодзæнæй хъæбæр агъазиау æма ахедгæ. Æма æ исаразунмæ гъæуама ма зийнадæ кæнæн, уомæн æма æй устур арфити аккаг, æ фарнæхæссæг адæймæгути ка нæ имисуй æма син кадæ ка нæ кæнуй, еци адæмæн æ цардвæндаг мæгурæй-мæгурдæр кæнуй...



ХЪОЙБАЙТИ Къола (фиццаг рæнгъи рахесæрдигæй фиццаг) фæскомцæдеси Цæгат Иристони обкоми иуонгти хæццæ. 1930 анз.

Дзæуæгигъæуи 1940 анзи байгон æй гекъунати (куклати) театр «Саби» – нæ нури номдзуддæр аййевадон артдзæститæй еу.

☺ *Сантехник вежливо разулся, но еще больше наследил.*

☺ *Пора менять что-то в жизни… Перевернулся на другой бок.*

☺ *Башка совсем отключилась… Не вся, конечно, есть-то могу.*

☺ *Позвал на выручку… Пришли и отобрали…*

## СОЦИАЛОН ФОНДÆЙ



# СУВÆЛЛОНМÆ ЗЕЛÆГ ФИДÆН ДÆР – ПАДДЗАХАДОН АХЕДГÆ АГЪАЗ

Цæгат Иристони дæс æма инсæй фиди есунцæ агъаз Уæрæсей Социалон фонди республикон хайадæй есунцæ агъаздзийнади фæрæзнитæ, сувæллонмæ 1,5 анзей кари уæнгæ ке зелунцæ, уой туххæй.

Федгæ æнцойнæуагъди барæ анз æма æрдæги уæнгæ сувæллонмæ зелуни туххæй ес айдагъ мадæн нæ, фал фидæн дæр, кенæ сабийи æндæр косæг хæстæгутæй сувæллонмæ ка зела, уомæн.

Цæгат Иристони 2025 анзи дæс æма инсæй косæг фиди есунцæ агъаз Уæрæсей Социалон фонди регионалон хайадæй. Феддони бæрцæ 'й сувæллонмæ зелуни дууæ анзей агъоммæ рæстæмбес мизди дууинсæй проценти. 2025 анзи 1 февралæй фæстæмæ сувæллонмæ зелуни тæккæ минкъийдæр агъаз æй 10103,83 соми, никки фулдæр ба – 68995,48 соми.

Кæд мадæ æнгъæлдзау æма сувæллон райгуруни æнцойнæуагъди фæсте нисан кæна кустмæ рацæун, уæд фиди гъæуй кустдæттæгмæ дууæ курдиади бадæттун: сувæллонмæ зелуни фæдбæл аллимæйон феддон иснисан кæнуни туххæй æма æртæ анзей уæнгæ сувæллонмæ зелунæн æнцойнæуагъд райсуни туххæй.

Уой фæсте кустдæттæг Уæрæсей Социалон фонди Цæгат Иристон-Аланий хайадæмæ куддæр фегъосун кæна, уотæ дæс косгæ боней дæргъи нисангонд æма фист æрцæуудзæнæй анз æма æрдæги сувæллонмæ зелуни аллимæйон феддон. Иннæ мæйтæн феддон фист цæудзæнæй мæйи 8-аг нимæдзæй фæстæдæр нæ.

Агъаз фист цæуй фиццаг, дуккаг, æртиккаг æма уотæ идарддæр сувæллони райгурдмæ нæ кæсгæй. Кæд фидæ анз æма æрдæг сувæллæнттæй дууемæ кенæ фулдæремæ зелуй, уæд алли сувæллонæн дæр феддон нисангонд цæуй хецæнæй, фал еумæйаг хигъди бæрцæ гъæуама фулдæр ма уа ниййерæги рæстæмбес мизди 100 процентемæй, уæдта феддони дууæ тæккæ минкъийдæр бæрцæй дæр минкъийдæр гъæуама ма уа.

Рæстæмбес мизд нимайгæй, фидæ сувæллонмæ зелуни туххæй æнцойнæуагъди ци рæстæг адтæй, еци къæлиндарон æнзтæ байвæен ес уой размæ æнзтæй, кæд уой феддони бæрцæ фæффулдæрæн агъаз кæна, уæд. Уой туххæй дæр курдиадæ бадæттун гъæуй кустдæттæгмæ.

Фарæй фæстæмæ анз æма æрдæганздзуд сувæллонмæ зелуни агъазтæ федуни фæткæ æйийвд æрцудæй. Нур нийиергутæн еци-еу рæстæг сæ бон æй феддонтæ кустæй есун дæр, æнæгъæнæ бон косонцæ, идæрддзæфмæ архайонцæ æви бони æрдæг косонцæ. Е хауй, нийиерæг æ сувæллонмæ зелгæй, æнцойнæуагъди рæстæги дуккаг кустмæ ку бацæуа, уæддæр.

– Кæд фидæ косуй цалдæр кустдæттæгемæ, уæд сувæллонмæ зелуни туххæй аллимæйон феддон нисангонд цæуй айдагъдæр еу организаций. Кæд сувæллони фидæ индивидуалон амалгъон æй, уæд ин барæ ес агъази тæккæ минкъийдæр бæрцæ есунæн, æцæг кæд раздæри анзæн бархеуон фæдзæхстади феддонтæ бафиста, уæд, фæббæрæг кодта Уæрæсей Социалон фонди Цæгат Иристони хайади разамонæг **Милдзихти Аслан**.

Нийиергутæй еу сувæллонмæ ци рæстæг зела, уой фæдзæхстадон фæллойни æмгъуд нимад цæуй кусти кенæ æндæр архайди уни хæццæ æмхузон. Алли анзæн дæр нимад цæунцæ пенсион коэффициенттæ.

Кæд фиццаг сувæллонмæ зилд цæуй, уæд анзи æнцойнæуагъдæн нийиергутæй еуемæн нимад цæуй 1,8 коэффициенти, дуккагæн – 3,6, æртиккагæн æма цуппæрæймагæн – 5,4. Кæд æнцойнæуагъд анзæй минкъийдæр, кенæ фулдæр æй, уæд фæллойни æмгъуд æма пенсион коэффициенттæ нимад цæунцæ æцæг æмгъудмæ гæсгæ.

Еугонд контакт-центр: 8-800-100-00-01.

Уæрæсей Социалон фонди Цæгат Иристони хайади кусти фæткæ: авдисæрæй цуппæрæнмæ 9 сахаттемæй – 18 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба 9-16.45 сахаттемæ.

***Уæрæсей Социалон фонди Цæгат Иристон-Аланий хайади пресс-службæ***

## ДЕСТÆ-ТÆМÆСТÆ ЕВГЪУД РÆСТÆГУТÆЙ

### ШАЛЯПИНИ «БАХЪОРГÆНÆГ» РАЗИНДТÆЙ… ГОРЬКИЙ



Шаляпинбæл финддæс анзи ку цудæй, уæд хъазайнаг театри дирекцимæ бацудæй курдиади хæццæ, цæмæй имæ байгъосонцæ æма 'й райсонцæ зартæгæнгути къуармæ. Фал уомæн æ гъæлæсиуагæ æйийевгæ ке кодта, уой туххæй лæгъуз разардта. Шаляпини бæсти циуавæрдæр дæргъæлвæст бицеуи райстонцæ. Æ фиццаг къулумпи Шаляпин цæрæнбæнтти æ зæрдæбæл бадардта, дæргъæлвæстæй ба æ удесæг уидта. Берæ æнзти фæсте Шаляпин базонгæ 'й Максим Горькийи хæццæ, æма ин еухатт æ фиццаг зæри къулумпий туххæй радзурдта. Горький æ гъæлæсидзаг нихxудтæй:

– Е æз адтæн! Æцæг мæ уайтæккидæр зартæгæнгути къуарæй ратардтонцæ. Уомæн æма мин гъæлæсиуагæ некæд адтæй.

Аци цаумæ гæсгæ ма уин еу хабар ракæнуйнаг ан. Федор Шаляпин 1910 анзи бабæрæг кодта Владикавказ. Нæкæси, номдзуд зартæгæнæг æ исфæлдистадон архайд райдæдта Кавкази, Тифлиси. Уоми къазнайадон театри сезон ку фæцæй, уæд Туғъдон-Гурдзиаг надбæл ранæхстæр æй Мæскумæ е 'мбал зартæгæнæг Агнивцеви хæццæ. Уотемæй бафтудæнцæ Владикавказмæ æма сæ бафæндадтæй ами концерт исаразун: «Байхуæрстан зал, ниммухур кодтан афишитæ, билеттæ… Фал еунæг билет дæр нæ фæууæйæ æй… Фал нæ е æгириддæр нæ фæкъкъех кодта…» Æцæгæйдæр, еци хабари удесcагæй неци адтæй – æригон зартæгæнæги ном, уæд уоййасæбæл игъустгонд нæма адтæй… Фал фæстæдæр бабæй Дзæуæгигъæубæл ранæхстæр уогæй, æ исфæлдистадон балцитæ бабæрæг кæнидæ Кавказ-Тифлис, Баку… Уотæ е 'мбæлттæй еуемæ уотæ финста: «Я так люблю эту дивную страну. Прошу тебя очень, передай милым кавказцам, что я в моей любви к ним и к Кавказу, что называется, «неизменен и велик».

### АХУРГОНД ÆМА СКРИПКÆ



Альберт Эйнштейн уарзта скрипкæбæл цæгъдун æма еухатт хуæрзауодæн концерти архайдта Германий. Æ цæгъд хъæбæр фæццудæй бунæттон журналисти зæрдæмæ, базудта «артисти» ном æма дуккаг бон уац ниммухур кодта газети устур музыкант, аргъ кæмæн нæйиес, еци искурдиадæгин скрипкæбæл цæгъдæг Альберт Эйнштейни тухxæй. Е бафснайдта æхемæ аци уац, æма æ зонгитæн æйсæрустурæй æвдиста, е ахургонд ке нæй, фал ке æй скрипкæй зундгонд цæгъдæг.

## УОТÆ ЦÆМÆН ДЗОРÆН?..

### КЪЕРЕЙ УÆЛЕ – ЦЪОПП



Амонуй равдесуни фæдбæл кæнгæ миуæ. Дзурдбаст равзурдæй царди æцæгдзийнадæй, Устур Фидибæстон тугъди фæсте æнзти мæгур рæстæги. Еци дзамани будуйраг адæм фулдæр цардæнцæ нартихуари кæрдзин æма хуæрунæн бæзгæ кæрдæгутæй. Ефстагмæ адтæй фид, уорсаг, мæнæуи инсад. Фал адæм уæддæр кодтонцæ сæ бæрæгбæнттæ, кувдтитæ, киндзæхсæвæртæ. Уæд кувдтитæ æма киндзæхсæвæртæн хеуæнттæ, синхбæстæ, гъæубæстæ æхца нæ хастонцæ, фал æртæ уæлвицки, карк (кенæ æйкитæ) æма графин арахъ. Цихтгунтæн цихт нæ фагæ кодта, æма къеретæ цæмæй гахгундæр æма айиевдæр адтайонцæ, уой тухxæй син æфсинттæ пеци байвæруни размæ сæ тæккæ астæу цихти цъопп æвардтонцæ.

### ГЪÆДДЗАУИ ХУÆРД БАКОДТА



Зудæй берæ ка бахуæруй, уомæй фæззæгъунцæ уотæ. Нури доги æрдзон газ бахъæрттæй рæбуйнаг гъæутæмæ дæр. Æма уомæй пайда кæнунцæ хуæруйнаг кæнгæй. Раздæр ба сахарти æма гъæути цæргути каст адтæй гъæдæмæ. Адæм галтæбæл æма бæхтæбæл цудæнцæ согмæ. Сæумæраги галти кенæ бæхти исефтиндзæ æма ку æрдæгæфсæстæй, ку æстонгæй – сæумæраги хуаллаг алке зæрдæ нæ агоруй, уотемæй даргъ надбæл гъæдæмæ ранæхстæр уисæ. Уоми брички дзаг сог ракалун гъæуй фæрæтæй, бахсæдун æма исамайун. Дæ хедæйдзаг хæдонæ дæ фæсонтæбæл ниссор æй, уотемæй изæрæй согти сæрбæл исбадтæ æма ранæхстæр дæ гъæумæ. Уомæй айдагъ дæхецæн нæ ласис сог, фал кезугæй колхозонтæй алли хæдзарæн дæр. Гъæддзауи куст уæззау фудæбон ке адтæй, уой зудта алкедæр æма ин е 'рцудмæ, кæмæн куд æ бон адтæй, уæхæн хуæруйнаг æрцæттæ кæнидæ. Берæ бийнонтæ син сог бричкæй раревæд кæнун дæр нæбал бауадзиуонцæ, сæхуæдтæ 'й раревæд кæниуонцæ æма хуаллаг æрæвæриуонцæ хъадиртæн дæр.

Гъæддзау æхе ку æрфестæг кæнидæ, æ хедæйдзаг цæсгонбæл дон ку искалидæ æма фингæбæл еци стонгæй ку æрбадидæ, уомæй ма еу арахъ ку раниуазидæ, уæд уомæ бакæсæ – хуæрдæй æй ка æфсаста. Æфсес ба стонги нæ лæдæруй. Æма ибæл æгæр тагъд æма берæ хуæруги ном исбадтæй.

Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службы Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 530. Заказ № 2370.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 31.10.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 31.10.2025.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.